

Pamekar Diajar
BASA SUNDA

KIKD Kurikulum 2013

Buku Tuturus Guru SD/MI

Kelas V



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT
2014

Pamekar Diajar
BASA SUNDA
KIKD Kurikulum 2013
Buku Tuturus Guru SD/MI Kelas V

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat
Ditangtayungan ku Undang-undang

Disklaimer: Ieu buku téh diajangkeun pikeun guru basa Sunda dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

PANYUSUN:

Tatang Sumarsono
Ahmad Hadi
Ano Karsana
Asep Ruhimat
Darpan
Dede Kosasih
H. Dingding Haerudin
H. Yayat Sudaryat
Risnawati

PENELAAH:

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.
Drs. H. Elin Syamsuri
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.
Budi Riyanto

Rarancang Eusi : Yoshi Sukadar
Rarancang Jilid : Edi laish

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3
Aksara ngagunakeun Bembo Std 12 pt - 24 pt.

Dipedalkeun ku:
DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

ISBN: 978-602-1300-15-2 (Jilid Lengkap)

978-602-1300-20-6 (Jilid 5)
Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)

PANGBAGÉA

KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan implementasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun tèh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Èta tèh mangrupa bagian tina pakèt Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daèrah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanès mung buku wungkul bagian èta Permendikbud tèh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi

Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daèrah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daèrah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tètèla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah èta unsur anu tilu tèh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhan guru dina posisi agèn parobahan utama enggoning ngaimplementasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotèsis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gè kalebet guru basa daèrah deuih, tinangtos èta kurikulum bakal tiasa diimplementasikeun kalawan merenah. Ku margi kitu, dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetensi guru tèh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarèkah anu kedah kènging pangajèn.

Muga-muga waè harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimplementasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.

Bandung, Desember 2013



Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat,

Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA

Pembina Utama Madya
NIP 19570807 198601 1 001

PANGBAGÉA

KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng elemén-elemén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku; standar kompetensi lulusan, standar isi, standar prosés, sareng standar penilaian. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.

Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, negunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Désember 2013

Kepala Balai



Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian,

Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd

NIP. 196110051986031014

PANGJAJAP

Kurikulum 2013 saenyana mangrupa Kurikulum Berbasis Kompetensi (KBK) pikeun nyanghareupan panéka jaman, utamana mah kompetensi atawa kamampuh abad ka-21. Dina ieu abad, daék teu daék butuh karancagéan dina rupining widang, kaasup kamekaran téhnologi, informasi, jeung komunikasi (TIK) milu nangtukeun warna pangajaran basa Sunda.

Luyu jeung éta hal, rumusan kompetensi sikep (agama jeung sosial), kaweruh, jeung kaparigelan nu dipaké dadasar dina Kurikulum 2013 kudu ngaheulakeun pentingna karancagéan jeung komunikasi. Najan kitu, dina pangajaran basa Sunda mah dititénan ogé kahasan basa jeung budaya Sunda minangka média jeung wahana pangajaran basa Sunda.

Téma-téma dina buku pangajaran basa Sunda diluyukeun kana téma-téma dina pangajaran tématis SD/MI nu sipatna nasional. Kompetensi nu dipiharep ku barudak SD/MI dirumuskeun minangka kamampuh mikir jeung paripolah nu rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit). Eta kamampuh téh diécéskeun dina kompetensi inti (KI) anu dipidangkeun ku kaweruh dina basa Sunda anu benerturmerenah, ngéntép seureuh, sarta luyu jeung kontéks situasi. Eta kamampuh téh dirancang dina prosés pangajaran winangun papancén (*project based learning*) jeung ngoréhan (*discovery learning*) anu nyoko kana léngkah-léngkah ngilmiah (*saintifik*) kayaning niténan, nanya, nyoba (nyungsi), nalar, jeung kedaling (ngomunikasikeun).

Ieu buku ngawincik tarékah minimal nu kudu dipilampah ku murid dina ngahontal kompetensi nu dipiharep. Luyu jeung pamarekan dina Kurikulum 2013, murid diperedih gedé kawanina tur kadaék dina ngoréhan kaweruh perkara basa jeung sastra Sunda, anu engkéna parigel maké basa Sunda. Dampakna murid boga sikep anu hadé kana basa jeung sastra Sunda katut hirup kumbuhna, bari teu mopohokeun sikep agama.

Tangtu waé réa kénéh kahéngkéran ieu ibu téh. Panyawad katut pangdeudeul pikeun nyampurnakeun ieu buku pohara danti-atina.

Bandung, Oktober 2013

DAFTAR EUSI

PANGBAGEA:

1. Kepala Dinas Pendidikan
Provinsi Jawa Barat _iii
2. Kepala Balai Pengembangan
Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas
Pendidikan Provinsi Jawa Barat _v

PANGAJAP ^{vii}
DAFTAR EUSI _{viii}

BAB I PITUDUH UMUM _1

- A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru _2
- B. Padika Make Buku Tuturus Guru _2
- C. Tatapakan Formal _4
- D. Sistem, Prinsip, jeung pamarekan
pangajaran _4
- E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL) _5
- F. Proses Pangajaran _5
- G. Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar
(KIKD) _5
- H. Tema jeung Bahan Ajar _8

BAB II PITUDUH HUSUS _9

PANGAJARAN 1 _10

Tema : Kaulinan _10

PANGAJARAN 2 _18

Tema : Kajadian dina Kahirupan _18

PANGAJARAN 3 _25

Tema : Kajadian dina Kahirupan _25

PANGAJARAN 4 _31

Tema : Hirup Rukun jeung Kulawarga,
Babaturan, tur Guru _31

PANGAJARAN 5 _37

Tema : Pentingna Kaséhatan jeung
Ubar-ubaran Tradisional _38

PANGAJARAN 6 _44

Tema : Cinta Lemah Cai _45

PANGAJARAN 7 _52

Tema : Kajadian dina Kahirupan _53

PANGAJARAN 8 _60

Tema : Kajadian dina Kahirupan _61

BAB III PITUDUH MEUNTEUN _66

- A. Kriteria Meunteun Katutasan
- B. Minimal (KKM) ⁶⁷
Rubrik Meunteun Sawala (Diskusi)
_67
- C. Rubrik Meunteun Sikep _68
- D. Rubrik Meunteun Latihan _68
- E. Rubrik Meunteun Maca _69
- F. Rubrik Meunteun Nembang _69
- G. Rubrik Meunteun Biantara _69
- H. Rubrik Meunteun Ngarang _70
- I. Rubrik Meunteun Aksara Sunda _70
- J. Daftar Peunteun Murid _71
- K. Refleksi Guru _71

BAB IV BAHAN PANGJEMBAR _72

- A. Kaweruh Basa jeung Sastra _73
- B. Glosarium _78
- Daftar Pustaka _80

Bab 1

Pitudoḥ Umum

A. Ngeunaan Buku Tuturus Guru

Ieu buku disusun sangkan guru meunang gambaran anu écés dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran basa Sunda. Eusina ngawengku sawatara hal.

1. Tatali téma anu méré gambaran ka guru ngeunaan téma nu nyoko kana kompetensi dasar (KD) jeung indikator dipageuhan pisan.
2. Kagiatan pangajaran nu tématic pikeun ngagambarkeun pangajaran nu gumulung tur ngamalir.
3. Pangalaman diajar nu miharti (*meaningfulness*) pikeun ngawangun sikep jeung paripolah hadé, ngawasa konsép, kaparigelan mikir ngilimiah (saintifik), kamampuh ngaréngsékeun masalah, karancagéan, pribadi nu sonagar (répléktif), tur rasa basa Sunda.
4. Rupining téhnik meunteun kamampuh murid.
5. Wawaran nu jadi calecer (acuan) kagiatan rémédiat jeung ngajembaran murid.
6. Kagiatan silih simbeuh tur silih élédan (*sharing*) antara guru jeung kolot barudak, anu méré lolongkrang keur kolot-kolot murd sangkan ilubiung dina kagiatan diajar murid di imahna séwang-séwangan.
7. Pituduh maké buku babon murid.

Kagiatan dina ieu buku dirancang pikeun mekarkeun kamampuh (sikep, kaweruh, jeung kaparigelan) murid kalawan gumulung tur rinéka. Ari paripolahna ngawengku:

1. Muka pangajaran ku karep murid saperti maca atawa ngaregepkeun téks, tumanya, ngawih, kaulinan, démonstrasi, pidangan masalah, jsté.
2. Nepikeun tujuan pangajaran nepi ka murid bisa nyangreb wawaran nu ditepikeun.
3. Ngali kaweruh murid samémehna sankan bisa ngaitkeun jeung kaweruh nu bakal diulikna.
4. Papancén nu malapah gedang sangkan murid kabantu dina nyangkem konsép.
5. Méré lolongkrang pikeun ngalatih kaparigelan murid.
6. Méré unduring laku (umpan balik) pikeun ngukuhan panyangkem murid.

B. Padika Maké Buku Tuturus Guru

Ieu buku Tuturus Guru téh mibanda kagunaan ganda, jaba ti pituduh maké buku babon murid, jadi calecer (acuan) keur kagiatan pangajaran di kelas deuih.

Ku penting-pentingna ieu buku, guru dipiharep niténan heula sawatara hal nu dipidangkeun dina ieu buku.

1. Baca heula ieu buku tiap-tiap kaca kalawantelik tur imeut.
2. Cangkem heula tiap-tiap KD jeung indikator nu ngait kana téma.
3. Tarékahan pikeun ngasupkeun KI-1 jeung KI-2 dina sakumna kagiatan pangajaran. Guru kudu nguatan jeung ngukuhan ngawangun sikep, kaweruh, katutg paripolah nu hadé.

4. Deudeul kahontalna KI-1 jeung KI-2 ku kagiatan ngabiasakeun, pieunteungeun, pituladeun, jeung ngabudayakeun sakola.
5. Luyukeun tiap-tiap léngkah kagiatan nu patali jeung buku babon murid luyu jeung kacana.
6. Mekarkeun gagasan rancagé dina milih padikapangajaran. Sungsi ogé kagiatan séjén lamun kaayaan teu luyu jeung naon-naon nu geus dirarancang.
7. Rupiing strategi pangajaran nu rek dimekarkeun (kayaning murid niténan, nanya, nyaritakeun, metakeun, ngawih, jsté.), jaba ti ngalibetkeun muridna sorangan bisa waé ngalibetkeun warga atawa lingkungan sakola.
8. Guru dipiharep mekarkeun:
 - a. Méthode pangajaran aktif, inovatif, kréatif, éféktif, jeung menyenangkan (PAIKEM);
 - b. Timbang-timbang ogé maké pamarekan komunikatif jeung kontéktual;
 - c. Kaparigelan nanya atawa tumanya;
 - d. Kaparigelan muka jeung mungkas pangajaran;
 - e. Kaparigelan ngolah kelas jeung pidangan kelas.
9. Gunakeun media jeung sumber diajar nu aya di sabudeureun sakola atawa patali jeung sosial budaya Sunda.
10. Seméster hiji aya opat téma atawa matéri galeuh, ari dina seméster dua aya nu opat téma (matéri galeuh) aya nu kurang, diluyukeun kana KIKD Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda.
11. Tiap-tiap téma (matéri galeuh) rata-rata dirarancang keur sabulaneun (4 x lawungan).
12. Kagiatan dina minggu kahiji dimimitian ku niténan bahan, karep réseptif (ngaregepkeun jeung maca), minggu kadua mangrupa kagiatan nyoba jeung ngulik, ari minggu katilu jeung kaopat ngalarapkeun atawa midangkeun (kagiatan kreatif nulis jeung nyarita) hasil tina minggu kahiji jeung kadua. Murid digiring sangkan kaasah daya nalar jeung mikirna kalawan ngaleunjeur. Kagiatan dirarancang pikeun méré lolongkrang tumanya jeung ngali wawaran nu deukeut jeung murid.
13. Alokasi waktu nyoko kana struktur kurikulum. Guru bisa nangtukeun sorangan alokasi waktu luyu jeung minggu éféktif, situasi katut kaayaan di sakola.
14. Buku babon murid dilengkepan ku bahan-bahan latihan nu luyu jeung hontalan kompetensi.
15. Hasil pagawéan murid jeung bukti peunteun bisa dikumpulkeun dina portofolio murid.
16. Pikeun tarékah ngoméan diri jeung minggu éféktif, jieun catetan réfleksi sanggeus hiji téma atawa bahan réngsé.
17. Deudeul murid sina resepeun kana basa Sunda sarta yakinkeun yén manéhna téh cerdas tur bisaun.
18. Sangkan tujuan pangajaran kahontal, guru ogé perlu saregep, enya-nya, tur sabar dina nyanghareupan murid. Ari sababna, kamampuh murid téh béda-béda. Katambah-tambah teu sakumna padika pangajaran loyog pikeun sakumna guru, murid, tempat, waktu, jeung bahan ajar.

C. Tatapakan Formal

Bahan ajar basa Sunda anu dipidangkeun dina ieu buku dumasar kana Kurikulum 2013, ngawengku kasang tukang, karakteristik, jeung tujuanan. Kurikulum basa Sunda atawa Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KIKD) Mata Pelajaran Basa jeung Sastra Sunda disusun jeung dikaluarkeun ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK), Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Lamun disusud ka luhurna, ari lebah ngindungna mah tangtu waé kana Kurikulum Tingkat Nasional, da nu ieu mah kaasup kana Kurikulum Daerah (Kurda).

Hususna di tingkat SD/MI, Kurikulum Basa Sunda anu disusun ku BPBDK téh diwincik jadi KIKD, nu diluyukeun kana téma jeung alokasi waktu. Hal éta disusun mangrupa struktur anu maneuh, tur salawasna kudu jadi padoman dina kagiatan diajar-ngajar. Cindekna, sajeroning guru ngajarkeun basa Sunda, dipahing méngpar tina katangtuan KIKD, téma, jeung alokasi waktu. Pon kitu deui, ari dina lebah milih bahan

katut ngajarkeunana mah, guru dibéré lolongkrang ti diperedih karancagéanana. Ieu buku poma ulah dianggap hiji-hijina sumber bahan ajar. Ari sababna, naon-naon nu diperedih ku KIKD téh moal sagemblengna kacumponan mun ukur ngandelkeun tina hiji sumber. Kudu aya sumber-sumber lianna pikeun pangrojong kagiatan diajar-ngajar, di antarana média massa, bagbagan paélmuan lianna, jeung kondisi sosial budaya masarakat Sunda. Nya ka lebah dinua pisan guru kudu rancngeus téh, kumaha carana néngan jeung nungkab bahan pangrojong sangkan KIKD bisa kacumponan.

D. Sistim, Prinsip, jeung Pamarekan Pangajaran

Sakabéh matéri dina ieu buku, ti mimiti bagian wacana, pedaran, ulikan, jeung latihan dipidangkeun make sistem spiral; dimitian ti nu babari heula, terus ningkat ka nu hésé. Heula pandeurina nyusun bahan anu dumasar kana babari héséna téh tumerap kana saban pangajaran. Cindekna, tingkat kasulitan bahan anu dipidangkeun dina Pangajaran 1, upamana, kudu aya sahandapeun Pangajaran 2. Lian ti éta, bisa deuih tumerap di jero pangajaran, upamana tingkat kasulitan Pedaran 2 kudu saluhureun Pedaran 1. Kitu deui dina ulikan jeung latihan.

Konsép basa anu dianggap énténg dipidangkeunana dina Pedaran 1, atawa bisa waé dina Ulikan 1. Sanggeus nincak kana Pedaran 2 atawa Ulikan 2, murid diwanohkeun kana konsép basa anu tingkat kasulitanana saluhureun nu dipidangkeun dina Pedaran 1 atawa Ulikan 1. Subab pangajaran dingaranan maké kagiatan basa atawa aktivitas murid.

Dina wincikan nu leuwih heureut, sistem spiral téh tumerap dina saban nomer deuih. Upamana dina latihan anu diebréhkeun dina pancén ngajawab pananya, tah, tingkat kasulitan dina pananya nomer 8 kudu aya di sahandapeun tingkat kasulitan pananya nomer 9.

Sistem spiral anu dignakeun dina ieu buku téh dumasar kana prinsip proporsional, tur tahapan (gradasina) henteu patarenggang. Hal ieu bisa tumerap dina wangun lahiriahna (panjang-pondokna, basajan-kompleksna) kecap, kalmian, atawa wacana, bisa deuih dina eusi atawa substansina (gampang-henteuna).

E. Standar Kompetensi Lulusan (SKL)

Rabah	SD/MI	SMP/MTs	SMA/SMK/MA/MAK
Sikep	Nampa, ngajalankeun, ngajénan, jeung ngamalkeun		
	Pribadi nu iman, ahlak mulia, percaya diri jeung tanggung jawab dina patali marga kalawan merenah jeung lingkungan masarakat, alam sabudeureun, sarta dunya katut adabna.		
Kaparigelan	Nampa, nanya, nyoba, ngolah, midangkeun, nalar, jeung ngalarapkeun		
	Pribadi nu mampuh mikir jeung lumampah kalawan merenah tur rancagé dina ranah nyamuni (abstrak) jeung nembrak (konkrit).		
Kaweruh	Mikanyaho, nyangkem, nerangkeun, ngolah, jeung meunteun.		
	Pribadi nu ngawasa élmu kaweruh, téhnologi, seni budaya, sarta wawasan kamunasaan, kabangsaan, kanagaraan, jeung peradaban.		

F. Proses Pangajaran

Prosés pangajaran lumangsung maké pamarekan saintifik. Ari léngkah-léngkahna keiu.

1. Niténan (*mengamati*), ku cara maca atawa ngaregepkeun atawa nongton
2. Nanya (*menanya*), ku cara tanya jawab atawa sawala
3. Nalar (*menganalisis/mengasosiasi*), ku cara nambahan kaweruh lain
4. Nyungsi atawa nyoba (*eksplorasi/eksperimen*)
5. Midangkeun atawa nepikeun (*mengkomunikasikan*)
6. Ngawangun jejaring (*networking*) ku cara néangan bahan tina sumber lian

G. Kompetensi Inti (KI) jeung Kompetensi Dasar (KD)

Kelas V SD/MI


KOMPETENSI INTI (KI)	KOMPETENSI DASAR (KD)
5.1 Menerima, menghargai, dan menjalankan ajaran agama yang dianutnya	5.1.1 Menerima anugrah Tuhan Yang Maha Esa atas penciptaan bahasa Sunda sebagai bahasa daerah dan unsur budaya bangsa serta alat komunikasi masyarakat penuturnya melalui teks pupujian, striker/brosur, DONGÉNG, deskripsi, pupuh, kawih, narasi, dan eksposisi.

<p>5.2 Memiliki perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, santun, peduli, percaya diri dalam berinteraksi dengan keluarga, teman, tetangga, dan guru</p>	<p>5.2.1 Memiliki perilaku peduli dan tanggung jawab dalam melestarikan jenis permainan tradisional Sunda melalui teks deskripsi. (Tema 1)</p> <p>5.2.2 Memiliki perilaku tanggung jawab, peduli, dan santun dalam menanggapi berbagai peristiwa dalam kehidupan melalui teks pupuh. (Tema 2)</p> <p>5.2.3 Memiliki perilaku peduli dan tanggung jawab dalam menanggulangi berbagai peristiwa dalam kehidupan melalui teks aksara Sunda. (Tema 2a)</p> <p>5.2.4 Memiliki perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, santun, peduli, dan percaya diri dalam menyampaikan pendapat tentang hidup rukun dengan keluarga, teman, dan guru melalui teks PAGUNEMAN. (Tema 3)</p> <p>5.2.5 Memiliki perilaku peduli dan tanggung jawab terhadap pentingnya kesehatan dan obat-obatan tradisional melalui teks bahasan. (Tema 4)</p> <p>5.2.6 Memiliki perilaku peduli, tanggung jawab, dan rasa cinta dan bangga sebagai bangsa Indonesia melalui teks sajak. (Tema 5)</p> <p>5.2.7 Memiliki perilaku peduli, dan tanggung jawab membantu masyarakat yang menghadapi peristiwa dalam kehidupan (musibah atau bencana) dalam rangka kehidupan berbangsa dan bernegara melalui teks carita pondok. (Tema 2b)</p> <p>5.2.8 Memiliki perilaku peduli dan tanggung jawab terhadap peristiwa dalam kehidupan (kejadian tempat) melalui teks DONGÉNG. (Tema 2c)</p>
--	--

<p>5.3 Memahami pengetahuan faktual dengan cara mengamati dan mencoba [mendengar, melihat, membaca] serta menanya berdasarkan rasa ingin tahu secara kritis tentang dirinya, makhluk ciptaan Tuhan dan kegiatannya, dan benda-benda yang dijumpainya di rumah, sekolah, dan tempat bermain</p>	<p>5.3.1 Memahami teks deskripsi tentang jenis permainan tradisional Sunda. (Tema 1)</p> <p>5.3.2 Mengamati teks pupuh tentang berbagai peristiwa dalam kehidupan (Tema 2)</p> <p>5.3.3 Mengamati teks deskripsi tentang peristiwa dalam kehidupan yang menggunakan aksara Sunda. (Tema 2a)</p> <p>5.3.4 Mengamati teks PAGUNEMAN pendek tentang hidup rukun dengan keluarga, teman, dan guru. (Tema 3)</p> <p>5.3.5 Mengamati teks bahasan tentang pentingnya kesehatan dan obat-obatan tradisional. (Tema 4)</p> <p>5.3.6 Mengamati teks sajak tentang cinta dan bangsa sebagai bangsa Indonesia. (Tema 5)</p> <p>5.3.7 Mengamati teks carpon tentang suatu peristiwa dalam kehidupan (musibah/ bencana) (Tema 2b)</p> <p>5.3.8 Mengamati teks DONGÉNG tentang peristiwa dalam kehidupan (kejadian tempat) (Tema 2c)</p>
<p>5.4 Menyajikan pengetahuan faktual dalam bahasa yang jelas dan logis dan sistematis, dalam karya yang estetis dalam gerakan yang mencerminkan anak sehat, dan dalam tindakan yang mencerminkan perilaku anak beriman dan berakhlak mulia</p>	<p>5.4.1 Menyusun teks deskripsi tentang jenis permainan tradisional Sunda dengan berbahasa Sunda yang baik. (Tema 1)</p> <p>5.4.2 Melantunkan teks pupuh tentang berbagai peristiwa dalam kehidupan dengan baik. (Tema 2)</p> <p>5.4.3 Menuliskan kata-kata peristiwa alam menggunakan aksara Sunda dengan baik dan benar. (Tema 2a)</p> <p>5.4.4 Memperagakan teks PAGUNEMAN pendek tentang hidup rukun dengan keluarga, teman, dan guru dengan bahasa Sunda yang baik. (Tema 3)</p>

- | | |
|-------|--|
| 5.4.5 | Menyusun teks bahasan tentang pentingnya kesehatan dan obat-obatan tradisional dalam bahasa Sunda secara lisan dan tulis. (Tema 4) |
| 5.4.6 | Mengekspresikan teks sajak tentang cinta dan bangga sebagai bangsa Indonesia. (Tema 5) |
| 5.4.7 | Menceritakan isi teks carpon tentang peristiwa dalam kehidupan (bencana alam atau musibah lainnya). (Tema 2b) |
| 5.4.8 | Menceritakan isi teks DONGÉNG tentang peristiwa dalam kehidupan (kejadian tempat). (Tema 2c) |

H. Tema jeung Bahan Ajar



Bab 2

Pitudo Husus

PANGAJARAN 1

Tema : Kaulinan
Bahan : Déskripsi
Média : Téks jeung Gambar

Tujuan Pangajaran:

Saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca jeung niténan bacaan ngeunaan kaulinan barudak lembur, nanya (nyangkem bacaan), ngajembaran wawasan, medar kaulinan, ngawihkeun jeung molahkeun kaulinan, ngajembaran kaulinan, nyawalakeun kecap, jeung migawé pancén.

KAGIATAN DIAJAR

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya dalapan bagian, nyaéta (1) molahkeun kaulinan barudak, (2) medar kaulinan, (3) ngajembaran wawasan kaulinan, (4) ngalarapkeun kecap, (5) ngajembaran kaulinan barudak, (6) molahkeun kaulinan séjén, (7) latihan, (8) migawé pancén di imah. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakan ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

A. MOLAHKEUN KAULINAN BARUDAK

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca dina jero haté téks paguneman ngeunaan jeung déskripsi “Cingciripit”, tuluy molahkeun éta kaulinan. Bahan bacaan kaulinan “Cingciripit” disusunna dina wangun paguneman jeung déskripsi. Dina KIKD nu dipénta téh déskripsi wungkul, tapi ku lantaran patali jeung kaulinan barudak, ngahaja diadumaniskeun jeung paguneman. Maksudna sangkan murid boga aktivitas gulangkep, nya maca mandiri nya kaulinan.
2.	Guru meunteun murid dina molahkeun paguneman jeung déskripsi “Cingciripit”.

B. MEDAR KAULINAN

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid sina maca deui tur niténan kaulinan “Cingciripit” nu
2.	<p>geus dibacana. Guru ngajéntrékeun perkara kaulinan “Cingciripit”</p> <p>Kaulinan cingciripit atawa sok aya ogé nu nyebut dingding kiripit. Ieu kaulinan téh basajan pisan. Cukup ku tiluan atawa opatan tur carana gampang. Salasaurang namprakkeun leungeun, ari nu séjénna neundeun curuk kana dampal leungeun nu ditamprakkeun téa. Sanggeus kitu, nu namprakkeun leungeun téh ngawih kieu.</p> <p><i>Cingciripit tulung bajing kacapit kacapit ku bulu paré bulu paré seuseukutna jol pa dalang mawa wayang jrék-jrék nong....</i></p> <p>Waktu ngucapkeun “jék-jék nong”, dampal leungeun nu namprak tuluy dikeupeulkeun. Ari tujuanana pikeun nyapit curuk téa. Saha-saha nu kacapit curukna, jadi ucing. Anu jadi ucingna kudu namprakkeun dampal leungeun bari kakawihan “Cingciripit”.</p>
	<p>Guru nitah murid ngajawab pananya nu disayagikeun pikeun ngukur paham henteuna kana eusi bacaan.</p> <p>Pananya jeung jawabanana ébréh ieu di handap.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Saha waé barudak nu karumpul téh? <i>Féri, Deni, Tanu, Hari, jeung Neng Uni.</i> 2) Ngayakeun kaulinan naon barudak téh? <i>Cingciripit.</i> 3) Ti iraha barudak téh sosobatanana? <i>Ti kelas hiji kénéh.</i> 4) Jaba ti natangga jeung sosobatan, kumaha barudak téh di sakolana? <i>Sakelompok.</i> 5) Sakurang-kurangna sabaraha urang kaulinan cingciripit téh? <i>Tiluan.</i> 6) Kumaha cara-carana ari kaulinan cingciripit? <i>Salasaurang namprakkeun dampal leungeun. Nu séjénna nunjukkeun curuk kana luhur dampal leungeun. Engké bari ngawih pagancang-gancang metot curukna. Anu telat metot sarta kacekel jadi ucing. Kudu tuluy jadi nu namprakkeun dampal leungeun.</i> 7) Keur naon gunana namprakkeun leungeun dina kaulinan cingciripit? <i>Keur tempat nunjukkeun jeung nyimpen curuk sarta ngerewek curuk nu telah dikejatkeunana.</i> 8) Nyaritakeun naon eusi kakawihan cingciripit téh? <i>Nyaritakeun saha nu kudu jadi ucing</i>

	<p>9) Naon nu kacapit téh? <i>Curuk</i>. Jeung naon anu nyapitna? <i>Bulu paré</i>. Kumaha akibatna mun curuk kacapit? <i>Nyeri</i>.</p> <p>10) Keur naon tujuanana dampal leungeun nu namprak dikeupeulkeun? <i>Keur néwak atawa ngerewek curuk nu telah dikejatkeunana</i>.</p>
3.	

Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab pananya nu disayagikeun.

C. NGAJEMBARAN WAWASAN

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina niténan kaulinan séjénna saperti congklak, éncrak, jeung éngklé.
2.	Guru nitah murid sina metakeun atawa molahkeun éta tilu kaulinan.
3.	Guru nitah murid sina néangan tilu kaulinan barudak séjénna sarta dicatet dina buka pancén. Buku pancén dikumpulkeun minggu hareupna.
4.	Guru meunteun murid bener henteuna molahkeun kaulinan.

D. NGALARAPKEUN KECAP

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina niténan robahna kecap nu maké rarangkén di-+-keun jadi N-+-keun .
2.	<p>Guru nitah murid sina niténan larapna kecap nu dirarangkénan di-+-keun jeung N-+-keun dina kalimah.</p> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 10px; padding: 10px; margin: 10px 0;"> <p>dijieun → nyieun Ari congklak téh dijieunna tina kai. Bapa nyieun congklak tina kai.</p> </div>
3.	Guru nitah murid disina latihan ngalarapkeun kecap nu maké rarangkén N-+-keun jeung rarangkén di-+-keun . Murid cukup ku ngarobah kecap nu maké rarangkén N-+-keun jadi kecap nu maké rarangkén di-+-keun dina kalimah. Gunana sangkan murid bisa ngabédakeun kalimah aktif jeung kalimah pasif.

Pananya jeung jawabanana ébréh ieu di handap.

1. dieusian → **ngeusian**
Unggal logak congklak **dieusian** ku kewuk
Barudak **ngeusian unggal logak congklak ku kewuk**
2. dipaké → **maké**
Bal leutik jeung kewuk **dipaké** dina kaulinan éncrak.
Kaulinan éncrak **maké bal jeung kewuk**
3. diwurkeun → **ngawurkeun**
Kewuk **diawurkeun** ka luhur bari ngalungkeun bal.
Barudak **ngawurkeun kewuk ka luhur bari ngalungkeun bal.**
4. dicokotan → **nyokotan**
Kewuk nu acak-acakan téh kudu **dicokotan** hiji-hiji.
Barudak kudu **nyokotan kewuk nu acak-acakan hiji-hiji.**
5. dirawu → **ngarawu**
Kewuk téh terus **dirawu** ku barudak awéwé.
Barudak awéwé **terus ngarawu kewuk.**
6. diperlukeun → **merlukeun**
Dina kaulinan éncrak biasana **diperlukeun** batur duaan atawa tiluan.
Kaulinan éncrak biasana **merlukeun batur duaan atawa tiluan.**
7. digunakeun → **ngagunakeun**
Dina kaulinan éngklé téh **digunakeun** batu.
Barudak **ngagunakeun batu dina kaulinan éngklék.**
8. dialungkeun → **ngalungkeun**
Ari batu téh **dialungkeun** sina padeukeut-deukeut kana tanda.
Barudak **ngalungkeun batu sina padeukeut-deukeut kana tanda.**
9. disimpen → **nyimpen**
Batu **disimpen** dina tonggong dampal suku.
Barudak **nyimpen batu dina tonggong dampal suku.**
10. dijungjungkeun → **ngajungjungkeun**
Tonggong dampal suku **dijungjungkeun** saeutik ka luhur.
Barudak **ngajungjungkeun tonggong dampal suku saeutik ka luhur**

4. Guru meunteun murid bener ngajawab pananya nu geus disayagikeun.

E. NGAJEMBARAN KAULINAN BARUDAK

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid sina maca dina jero haté téks kaulinan Oray-orayan”
2.	<p>kalawan daria. Guru nitah murid sina maham eusi kaulinan “Oray-orayan” ku cara diskusi kelompok.</p> <p>1) Kelompok I: Naon sababna kaulinan oray-orayan kudu lobaan? <i>Sabab dina oray-orayan nguntuyna kudu panjang keur némbongkeun luak-leokna nu arulin ngarah siga oray.</i></p> <p>2) Kelompok II: Kumaha cara-carana ari kaulinan oray-orayan? <i>Barudak ngumpul limaan atawa genepan. Tuluy nguntuy bari nyekel taktak babaturanana anu aya hareupeunana. Budak nu panghareupna jadi hulu oray, ari nu pangtuKangna jadi buntut oray. Geus kitu, leumpang ngénca jeung ngatuhu, nurutan oray ngaléor siga oray.</i></p> <p>3) Kelompok III: Naon sababna dina kaulinan oray-orayan kudu aya nu jadi huluna jeung aya nu jadi buntutna? <i>Nu jadi huluna keur mingpin babaturan dina luak-léokna oray-orayan sarta ngudag-ngudag buntut. Ari nu jadi buntut ku nuturkeun hulu sarta kudu nyingah sangkan teu kacekel ku hulu. Lamun kacekel, buntut pindah tempat jadi hulu.</i></p> <p>4) Kelompok IV: Nyaritakeun naon eusi kakawihan oray-orayan téh? <i>Nyaritakeun barudak arulin patutur-turur, luak-léok ka kénca ka katuhu, niru-niru oray ngaléor.</i></p> <p>5) Kelompok V: Naon sababna kaulinan oray-orayan kudu luar-léor? <i>Lantaran niru-niru oray.</i></p> <p>6) Kelompok VI: Keur naon tujuanana budak nu jadi hulu oray-orayan ngudag-ngudag budak nu jadi buntutna? <i>Keur néwak buntutna. Lamun katéwak, anu jadi buntut kudu robah tempat ka hareup jadi huu orayna.</i></p>

3.	<p>Guru nitah murid sina ngadiskusikeun kecap-kecap anu patali jeung kaulinan oray-orayan.</p> <ol style="list-style-type: none"> Barudak keur arulin mapay galengan sawah. mapay = <i>leumpang nuturkeun galengan</i> Paté di sawah = téh keur sedeng beukah. sedeng = keur meujeuman Ku lantaran diantep, sangu nu dikuah ku sayur téh beukah. beukah = <i>ngagedéan ka gigir, ka luhur ka handap</i> Oray téh luar=leor dina luhureun taneuh. luar-léor = <i>luak-léok ka kénca ka katuhu</i> Déni datang ka sakolana pandeuri. pandeuri = <i>ti tukang</i>
4.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab soal nu geus disayagikeun.

F. NGARAGAKEUN KAULINAN SÉJÉN

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina maca deui dina jero haté téks “ambil-ambilan” kalawan daria.
2.	Guru nitah murid sina molahkeun kaulinan barudak “Ambil-ambilan” kalawan daria.
3.	Guru nitah murid sina natahan kecap-kecap anu héséna, tuluy néangan hartina dina kamus atawa didiskusikeun jeung babaturanana. Kecap-kecap nu didaptarkeun gumantung ka murid.

G. LATIHAN

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina niténan soal-soal anu ges disayagikeun kalawan daria.
2.	<p>Guru nitah murid sina ngajawab soal-soal anu geus disayagikeun kalawan daria.</p> <ol style="list-style-type: none"> Dina kaulinan “Cingciripit”, naon nu kacapit téh? Naon anu nyapitna?

	3) Kumaha polah oray-orayan téh? 4) Ka mana inditna oray-orayan téh? 5) Naon sababna oray-orayan téh ulah ka sawah? 6) Di mana loba nu mandi téh? 7) Naon gawéna budak pahatu téh? 8) Ku naon budak téh sükuna? 9) Naon ubar kacugak téh? 10) Naon anu dicocolan basa tiguling téh?
3.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab soal nu geus disayagikeun.

H. MIGAWÉ PANCÉN DI IMAH

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid sina migawé pancén di imahna séwang-séwangan kalawan daria.
2.	Guru nitah murid sina néangan hiji kaulinan barudak, dicatet dina buku tugas.
3.	Guru nitah murid sina ngumpulkeun pancén minggu hareupna.
4.	Guru mariksa pagawéan murid sarta meunteun tur diasupkeun kana daptar peunetun.

Sanggeus réngsé kagiatan diajar bahan dina pangajaran 1, guru babarengan jeung murid nyindekkeun eusi bahan pangajaran nu patali jeung “kaulinan barudak”. Guru ngayakeun réfléksi ngeunaan kamajuan diajar murid. Guru ogé ngukur kamampuh murid ku cara ngayakeun kagiatan meunteun, boh dina waktu lumangsung kagiatan diajar boh di ahir pangajaran. Jaba ti éta, guru nangtukeun geus tutas acanna murid kana bahan pangajaran maké Kriteria Katutasan Minimal (KKM).

EVALUASI

Kritéria Katutasan Minimal (KKM)

Kritéria Meunteun	Katerangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MOLAHKEUN KAULINAN		
B. MEDAR KAULINAN		
C. NGAJEMBARAN WAWARAN		
D. NGALARAPKEUN KECAP KANA KALIMAH		
E. NGADISKUSIKEUN KAULINAN		
F. NGADISKUSIKEUN KECAP		
G. MAHAM KAULINAN “ORAY-ORAYAN”		
H. MOLAHKEUN KALULINAN		
I. MIGAWÉ PANCÉN DI IMAH		

PANGAJARAN 2

Tema : Kajadian dina Kahirupan
Bahan : Pupuh
Média : Téks jeung Gambar

Tujuan Pangajaran:

Saréngsena kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca jeung niténan téks pupuh ngeunaan kajadian dina kahirupan, nanya (nyangkem bacaan), ngayakeun babandingan,

rampak tembang pupuh, nyusun pupuh, latihan, maca di imah, jeung migawé pancén.

Kagiatan Diajar

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya genep bagian, nyaéta (1) ngaregepkeun jeung nembangkeun pupuh, (2) ngadiskusikeun pupuh, (3) ngalarapkeun kecap, (4) ngabanding-bandingkeun pupuh, (5) nyusun pupuh, dan (6) pancén maca di imah. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakan ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

A. NEMBANGKEUN PUPUH

1. Guru nitah murid disina ngaregepkeun pupuh maskumambang nu dihaleuangkeun ku guru atawa ngaliwatan kasét. Ngahaja pupuhna nu pondok sangkan murid bisa apal kana wangunan jeung eusina katut nembangkeunana. Témana ngeunaan 'kahirupan'.
2. Guru ngajak murid babarengan nembangkeun pupuh maskumambang.
3. Guru nitah murid nembangkeun pupuh maskumambang babarengan, tuluy saajar-sajajar bangku. Geus kitu, murid dititah nembangkeun pupuh maskumambang sabangku-sabangku, tuluy saurang-saurang.
4. Guru meunteun murid bener henteuna dina nembangkeun pupuh maskumamabang.

B. NGADISKUSIKEUN PUPUH

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina niténan deui pupuh maskumambang nu geus
2.	<p>ditembangkeun. Guru nitah murid maham eusi pupuh maskumambang ku cara ngajawab pananya nu disayagikeun. Jawaban didiskusikeun ku murid-murid dina kelompokna.</p> <p>KELOMPOK 1</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ku naon barudak téh pangna kudu mikir? <i>Lantaran kahutangan.</i> 2) Ti iraha jeung nepi ka iraha barudak kahutangan ku kolot? <i>Ti barang lahir nepi ka ayeuna pisan.</i> <p>KELOMPOK 2</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Pék badamikeun, kahutangan naon urang ku kolot téh? <i>Jasa.</i> 2) Ari nu disebut kolot urang téh saha waé? <i>Indung jeung bapa.</i> <p>KELOMPOK 3</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ari urang wajib hormat ka kolot atawa henteu? <i>Wajib.</i> 2) Saha waé nu kudu dihormat ku urang téh salian ti kolot? <i>Kulawargi.</i> <p>KELOMPOK 4</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ku saha urang kahutangan téh? <i>Kolot atawa indung jeung bapa.</i> 2) Kudu ngalobakeun naon urang téh? <i>Silaturahmi.</i>
3.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab pananya nu disayagikeun.

C. NGALARAPKEUN KECAP

No.	Kagiatan
1.	<p>Guru nitah murid sina niténan cara ngawangun kecap jeung larapna dina kalimat.</p> <p>Conto: budak → barudak Budak kudu nurut ka kolot. Hé barudak kudu mikir ti leuleutik.</p>
2.	<p>Guru nitah murid sina ngawangun kecap rundayan maké rarangkén tengah -ar-.</p> <p>Conton: Budak → barudak</p>

3. Guru nitah murid sina ngalarapkeun kecap rundayan nu geus diwangun maké rarangkén tengah –ar– kanakalimah.

Pananya jeung jawabanana ébréh ieu di handap.

1. kolot → *karolot*

Gedang téh geus **kolot**.

Gedang téh buahna geus *karolot*

2. ngaji → *ngaraji*

Néni keur *ngaji* di kamerna.

Barudak keur *ngaraji* di masjid.

3. ngawih → *ngarawih*

Nunung *ngawih* hareupeun babaturanana.

Barudak keur *ngarawih* babarengan.

4. datang → *daratang*

Bakri kakara *datang* ka sakola.

Barudak kakara *daratang* ka sakola.

5. haseum → *haraseum*

Buah téh atah kénéh dan karasa *haseum*

Buah téh *haraseum* kieu, nya?

6. ngapungkeun → *ngarapungkeun*

Féri *ngapungkeun* langlayangan di lapang voli.

Barudak *ngarapungkeun* langlayangan di lapang voli.

7. neundeun → *nareundeun*

Rédi *neundeun* kantong luhureun bangku.

Barudak *nareundeun* kantong luhureun bangku.

8. bala → *barala*

Buruan téh *bala* ku runtah.

Buruan téh *barala* ku runtah.

9. ditembangkeun → *ditarembangkeun*

Pupuh pucung *ditembangkeun* ku Déwi.

Pupuh pucung téh *ditarembangkeun* ku barudak.

10. bodas → *barodas*

Mobil téh cétna *bodas*.

Ki Wanda buukna geus *barodas* ku huis.

D. NGABANDING-BANDINGKEUN PUPUH

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid sina maca pupuh maskumambang dina unggal kelompokna.
2.	Guru méré papancén ka unggal kelompok sina maca pupuh maskumambang kalawan subtéma anu béda-béda.
3.	<p>Guru nitah murid sina maham pupuh maskumambang ku cara ngajawab pananya dina diskusi kelompokna..</p> <p>Kelompok 1:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh? <i>Sobat dalit.</i> 2. Kudu kumaha jalma téh? <i>Ngalobaan soba dalit.</i> 3. Keur naon urang réa batur? <i>Ngarah loba dulur.</i> 4. Di mana urang kudu kumaha jeung batur? <i>Silih tulungan jeung silih titipkeun</i> 5. Naha kudu silih titipkeun nya diri? <i>Ngarah hirup henteu susah.</i> <p>Kelompok 2:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh? <i>Diajar kudu rajin.</i> 2. Ti iraha urang kudu diajar rajin? <i>Ti leuleutik.</i> 3. Ngarah naon urang diajar rajin? <i>Ngarah teu hanjakal.</i> 4. Kudu kumaha diajar jeung batur? <i>Kudu diskusi.</i> 5. Bisa méré naon batur ka urang? <i>Pangalaman.</i> <p>Kelompok 3:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Diajar naon barudak téh pasosoré? <i>Diajar ngaji.</i> 2. Di mana barudak téh diajarna? <i>Di madrasah.</i> 3. Saha nu ngajar barudak téh? <i>Ustad.</i> 4. Keur naon barudak diajar téh? <i>Bekel jaga di ahérat.</i> 5. Keur naon gunana diajar agama? <i>Ngarah meunang pangarti.</i> <p>Kelompok 4:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh? <i>Hirup di dunya henteu mandiri.</i> 2. Kumaha urang hirup di dunya téh? <i>Kudu babarengan.</i> 3. Perlu naon urang hidup di dunya? <i>Perlu aya batur.</i> 4. Kudu kumaha dina ngalakonan hirup? <i>Sing walagri.</i> 5. Urang jeung batur ulah ngalakonan naon? <i>Ulah sok pahiri-hiri, komo bar papiscaan.</i>

	<p>Kelompok 5:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh? <i>Basa Sunda.</i> 2. Dipaké keur naon basa Sunda téh? <i>Alat komunikasi.</i> 3. Keur naon gunana komunikasi téh? <i>Keur nepikeun informasi.</i> 4. Naon ari eusi komunikasi téh? <i>Pikiran, gerentesin ati, jeung perasaan.</i> 5. Komunikasi téh dilakukeun antara saha jeung saha? <i>Di antara pribadi jeung pribadi.</i> <p>Kelompok 6:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naon nu dicaritakeun ku éta pupuh téh? <i>Sastra Sunda.</i> 2. Ari sastra Sunda kagolong kana naon? <i>Karya seni.</i> 3. Hasil tina naon ari sastra téh? <i>Hasil rékacipta.</i> 4. Maké naon ari nyusun karya sastra téh? <i>Ku basa nu ngandung harti.</i>
4.	5. Aya naon waé wangun ugeran téh? <i>Pupujian, sa'ir</i> Guru nitah murid tina unggal kelompokna pikeun rampak tembang atawa nembangkeun pupuh babarengan.
5.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab pananya anu geus disayagikeun.

E. NYUSUN PUPUH

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid sina niténan aturan pupuh maskumambang dina unggal kelompokna.
2.	Guru nitah murid sina nyebutan aturan pupuh maskumambang saperti guru lagu jeung guru wilangan.
3.	<p>Guru nitah murid sina nyusun pupuh ku cara ngalengkepan kalimah nu dicopongkeun. Jawaban murid bisa béda-béda asal guru wilangan jeung guru lagu bener.</p> <p>Bubuahan aya nu disebut kopi, buah jeung kalapa, angka pisitan jeung manggis, <i>cau jéngkol reujeung angka</i> Aya deui dukuh, pisitan, jeung léci, aya manalika, <i>léngkéng reujeung jeruk sangkis</i> sawo, angka, jeung rambutan.</p>

Nu séjénna sawo, léngkém, jeung strawbéri,
salak jeung samangka,
peuteuy kacang reujeung pukih
durén waluh jeung kokosan

4. Guru meunteun murid bener henteuna dina nyusun pupuh maskumambang tina ngaran bubuahan.

F. BACAEUN DI IMAH

1. Guru nitah murid sina maca deui dina jero haté pupuh kinanti.
2. Guru nitah murid sina ngajawab soal-soal anu geus disayagikeun.
Pananya jeung jawaban ngeunaan pupuh maskumambang ébréh ieu di handap.
 - 1) Kumaha guru lagu jeung guru wilangan pupuh kinanti? *8-u, 8-I, 8-a, 8-I, 8-a, jeung 8-u.*
 - 2) Loba gunung nu kumaha di urang téh? *Gunungna loba nu aktif.*
 - 3) Sikep urang kudu kumaha? *Kudu waspada tur ati-ati.*
 - 4) Urut gunung bitu sok aya naon? *Kawah.*
 - 5) Ari tina lahar naon nu dihasilkeun? *Waliraga.*
 - 6) Iraha gunung Galunggung bituna? *Taun 1982.*
 - 7) Ngaluarkeun naon gunung bitu téh? *Murakeunkubikankeusik..*
 - 8) Kumaha akibat caah déngdéng téh? *Ngeueum lemah cai kuring.*
 - 9) Kumaha kaayaan warga akibat kakeueum? *Loba kaserang kasakit.*
 - 10) Kumaha akibat tina Tsunami téh? *Jalam kaleungitan pati (nyawa).*
3. Guru nitah murid sina nembangkeun pupuh maskumambang anu jejerna béda-béda dina unggal kelompokna.
4. Guru nitah murid diajar nembangkeun pupuh kinanti babarengan atawa sorangan-sorangan hareupeun babaturanana.
5. Guru meunteun murid dina bener henteuna dina ngajawab soal nu geus disayagikeun.

Sanggeus réngsé kagiatan diajar bahan dina pangajaran 2, guru babarengan jeung murid nyindekkeun eusi bahan pangajaran nu patali jeung “pupuh”. Guru ngayakeun réfléksi ngeunaan kamajuan diajar murid. Guru ogé ngukur kamampuh murid ku cara ngayakeun kagiatan meunteun, boh dina waktu lumangsung kagiatan diajar boh di ahir pangajaran. Jaba ti éta, guru nangtukeun geus tutas acanna murid kana bahan pangajaran maké Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM).

EVALUASI

Kritéria Katutasan Minimal (KKM)

Kritéria Meunteun	Katerangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. NEMBANGKEUN PUPUH		
B. MIKAWERUH PUPUH		
C. NGABANDING BANDINGKEUN PUPUH		
D. RAMPAK TEMBANG		
E. NYUSUN PUPUH		
F. BACAEUN DI IMAH		
G. MIGAWÉ PANCÉN DI IMAH		

PANGAJARAN 3

Tema : Kajadian dina Kahirupan
Bahan : Aksara Sunda
Média : Téks

Tujuan Pangajaran:

Saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca jeung niténan aksara Sunda, nyalin aksara Sunda (aksara swara, ngalagena, angka, jeung rarangkén), nulis aksara Sunda, jeung maca aksara Sunda.

Kagiatan Diajar

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya lima bagian, nyaéta (1) niténan aksara Sunda, (2) mikawanoh aksara Sunda, (3) medar aksara Sunda, (4) nulis aksara Sunda, jeung (5) maca aksara Sunda. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

A. NITÉNaN AKSARA SUNDA

No.	Kagiatan
1.	Saméméh pangajaran dimimitian, guru ngucapkeun salam. Tuluy guru nepikeun téma jeung tujuan pangajaran nu kudu dihontal.
2.	Guru nitah murid sina niténan wangun aksara Sunda dina conto kalimah.

B. MIWANOHO AKSARA SUNDA

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina niténan wangun aksara Sunda dina conto kalimah. Aksara Swara 1. ai = ꦲꦶ 2. au = ꦲꦸ 3. aé = ꦲꦺ

4. ua = ᮘᮧ
5. oé = ᮘᮧ
6. oi = ᮘᮨ
7. oa = ᮘᮧ
8. ia = ᮘᮧ
9. ieu = ᮘᮧ
10. io = ᮘᮨ

Aksara Ngalagena

11. kana = ᮘᮨᮨ
12. kaca = ᮘᮨᮨ
13. gada = ᮘᮨᮨ
14. ngala = ᮘᮨᮨ
15. jaya = ᮘᮨᮨ
16. jala = ᮘᮨᮨ
17. jawa = ᮘᮨᮨ
18. maha = ᮘᮨᮨ
19. mawa = ᮘᮨᮨ
20. nyata = ᮘᮨᮨ
21. nyaba = ᮘᮨᮨ
22. tanya = ᮘᮨᮨ
23. tapa = ᮘᮨᮨ
24. tara = ᮘᮨᮨ
25. taya = ᮘᮨᮨ
26. balaka = ᮘᮨᮨᮨ
27. calana = ᮘᮨᮨᮨ
28. barata = ᮘᮨᮨᮨ
29. jajaka = ᮘᮨᮨᮨ
30. jayana = ᮘᮨᮨᮨ

	<p>Aksara Asing</p> <p>31. fana = ㄨㄌ</p> <p>32. quru = ㄌㄹ</p> <p>33. Lava = ㄌㄌ</p> <p>34. xaka = ㄹㄹ</p> <p>35. gaza = ㄌㄌ</p> <p>Salin kana aksara Sunda!</p> <p>1. 15 = ㄌㄌ</p> <p>2. 23 = ㄌㄌ</p> <p>3. 46 = ㄹㄌ</p> <p>4. 57 = ㄌㄌ</p> <p>5. 89 = ㄹㄌ</p> <p>6. 140 = ㄌㄹ</p> <p>7. 375 = ㄌㄌㄌ</p> <p>8. 095 = ㄹㄌㄌ</p> <p>9. 207 = ㄌㄹㄌ</p> <p>10. 999 = ㄌㄌㄌ</p>
2.	Guru nitah murid disina mikawanoh wangun aksara Sunda (swara, ngalagena, aksara asing, angka, jeung pananda sora atawa rarangkén).
3.	Guru nitah murid sina ngandelan aksara nu ditulis ipis nepi ka apal cara nulisna.
4.	Guru nitah murid sina latihan nyalin aksara Sunda tina aksara Latén.

C. MEDAR AKSARA SUNDA

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina niténan aksara Sunda anu wangunna mirip.
2.	Guru nitah murid disina manggihan wangun dasar aksara Sunda anu wangunna mirip.

D. NULIS AKSARA SUNDA

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid sina nyalin kecap dina huruf Latén kana aksara Sunda. Pék ku hidep salin kana aksara Sunda!
1. baku	= ᮊᮔ᮪
2. baki	= ᮊᮔ᮪ᮒ
3. bako	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒ
4. baeud	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒ
5. caket	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒ
6. dayeuh	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒ
7. datang	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
8. kucir	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
9. koét	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
10. ema	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
11. peda	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
12. kékéd	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
13. kuku	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
14. kubra	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
15. madya	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
16. capluk	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
17. bakékok	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
18. bakutet	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
19. dag-dig-dug	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
20. bak-bik-bek	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
21. tat-tit-tut	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
22. jlag-jlig-jlug	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
23. trang-tréng-trong	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
24. wah-wih-weuh	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ
25. yo=yo=yo	= ᮊᮔ᮪ᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒᮒ

2. Guru nitah murid disina nyalin kalimah basajan dina huruf Latén kana aksara Sunda.

Pigawé kawas conto!

- 1) Dadang angkat ka Majalaya. **ᮘᮘ ᮒ ᮊᮊᮊᮊ ᮊ ᮊᮘᮘᮊᮊ.**
- 2) Dudu mulung dukuh. **ᮘᮘᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊ**
- 3) Adé méré lélé, **ᮒᮘᮘ ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ.**
- 4) Ema meuleum sampeu. **ᮒᮊ ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ.**
- 5) Cai merejel tina taneuh. **ᮊᮘ ᮊ ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮊᮊᮊ.**
- 6) Jati ngalongok Aki. **ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊᮊ ᮒᮊᮊ .**
- 7) Bapa nyandak mobil. **ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ.**
- 8) Imas nulis surat. **ᮘᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ.**
- 9) Lilis tos kelas lima. **ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊ.**
- 10) Ujang mulang ti Karawang. **ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ .**
- 11) Barudak keur arulin di buruan. **ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮒᮊᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊ.**
- 12) Maman keur ngarang carita pondok. **ᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊᮊᮊ.**
- 13) Mang Adi keur nguseup sisi walungan Cimandiri. **ᮊᮒᮘᮘ ᮊᮊ ᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊᮊ.**
- 14) Beubeur ceuceu tina kulit sapi. **ᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮊᮊᮊ ᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊ.**
- 15) Meri keur ngojay dina balong. **ᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊᮊᮊᮊ ᮊᮊ ᮊ ᮊᮊᮊᮊ.**

E. MACA AKSARA SUNDA

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina latihan maca aksara Sunda.
2.	Guru nitah murid disina nyalin kalimah basajan dina aksara Sunda kana huruf Latén. <ol style="list-style-type: none"> 1. Jajang ngala nangka ka cisawah. 2. Baraya bapa urang cimalak. 3. Lili cicing di cicaheum. 4. Samili ngingu ucing 15. 5. Taun 2014 aya 4 angka. 6. Praja muda karana atawa pramuka.

7. Kudu sabar darana urang téh.
8. Barabat jalan ka pasar.
9. Ka Bandung hayang kuliah.
10. Isuk-isuk hujan girimis.

Sanggeus réngsé kagiatan diajar bahan dina pangajaran 3, guru babarengan jeung murid nyindekkeun eusi bahan pangajaran nu patali jeung “aksara Sunda”. Guru ngayakeun réfléksi ngeunaan kamajuan diajar murid. Guru ogé ngukur kamampuh murid ku cara ngayakeun kagiatan meunteun, boh dina waktu lumangsung kagiatan diajar boh di ahir pangajaran. Jaba ti éta, guru nangtukeun geus tutas acanna murid kana bahan pangajaran maké Kriteria Katutasan Minimal (KKM).

EVALUASI

Kriteria Katutasan Minimal (KKM)

Kriteria Meunteun	Keterangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. NENGETAN AKSARA SUNDA		
B. MIKAWANOAH AKSARA SUNDA		
C. MEDAR AKSARA SUNDA		
D. NULIS AKSARA SUNDA		
E. MACA AKSARA SUNDA		

PANGAJARAN 4

Tema : Hirup Rukun
Bahan : Paguneman
Média : Téks

Tujuan Pangajaran:

Saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca bedas, maham eusi paguneman, ngalarapkeun kecap, molahkeun paguneman, ngalengkepan paguneman, jeung nyungsi paguneman katut molahkeunana.

Kagiatan Diajar

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya lima bagian, nyaéta (1) maca bedas, (2) maham eusi paguneman, (3) ngalarapkeun kecap, (4) molahkeun paguneman, (5) migawé latihan, (6) ngalengkepan paguneman, jeung (7) migawé pancén di imah. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap

A. MACA BEDAS

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca jero haté téks nu témana ‘Hirup sauyunan’ kalawan judul “Nganjang”.
2.	Guru nitah murid ngelompok, tuluy sina maca paguneman giliran luyu jeung peranna séwang-séwangan.
3.	Guru meunteun murid bener henteuna dina molahkeun paguneman nu judulna “Nganjang”.

B. MAHAM EUSI PAGUNEMAN

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sangkan ngelompok pikeun ngayakeun diskusi.
2.	Guru nitah murid sina maham eusi paguneman ku cara ngajawab pananya nu disayagikeun. Dina ngajawab pananya, murid bisa ngayakeun diskusi kelompok.

3. Pananya jeung jawaban pikeun unggal kelompok bisa dititénan ieu di handap.

Kelompok 1:

Saha waé nu ngayakeun paguneman téh? *Wa Jéjén, Risal, Pa Gumilar, Néndén, Bu Euis, Wa Nénéng.*
Kumaha kira-kira watek nu paguneman? *Bageur tur daréhdéh.*

Kelompok 2:

Pernah kumaha Risal jeung Wa Jéjén? *Risal téh suanna Wa Jéjén atawa Wa Jéjén téh uwana Risal.*
Antara Pa Gumilar sareng Wa Jéjén? *Wa Jéjén téh rakana Pa Gumilar.*
Ari antara Risal jeung Néndén kumaha pancakakina?

Néndén téh adina Risal.

Kelompok 3:

Kumaha kaayaan atawa suasana dina paguneman di luhur?
Susana dina paguneman téh aya dina suasana kukulawargaan.
Tina naon kapanggihna gambaran hirup sauyunan?
Tina obrolan antara kulawarga Wa Jéjén jeung Pa Gumilar.

Kelompok 4:

Naon nu diobrolkeun dina paguneman di luhur? *Tali mimitran, nyaéta nganjangna Wa Jéjén ka kulawarga Pa Gumilar.*
Kudu kumaha urang hirup ceuk éta paguneman téh?
Kudu hirup akur, duduluran, jeung kukulawargaan.

Kelompok 5:

Ari éta dua kulawarga téh mindeng panggih atawa henteu?
Langka panggih lantaran ku kasibukan masing-masing kulawarga.
Naon nu nuduhkeunana? *Waktu Wa Jéjén nganjang ka Pa Gumilar, duanana uplek ngobrol bakat ku sono.*

Kelompok 6:

Sareng naon taruangna éta dua kulawarga téh? *Pais lauk emas disurawungan.*
Kasedep saha tuangeun téh? *Kasedep Wa Jéjén.*

3. Guru nitah wawakil kelompok nepikeun hasil diskusina di hareupeun babaturan sakelasna.

C. NGALARAPKEUN KECAP

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid disina niténan heula conto ngalarapkeun kecap kana
2.	<p>kalimah.</p> <p>Guru nitah murid disina paham kana ngalarapkeun rarangkén di-+-keun jeung N-+-keun. Contona:</p> <p>disurawungan → nyurawungan</p> <p>Pais lauk emas disurawungan ku Bu Euis.</p> <p>Bu Euis nyurawungan pais lauk emas.</p>
3.	Guru nitah murid disina ngarobah kecap pagawéan pasif (di-+-keun) kana kecap pagawéan aktif (N-+-keun).
4.	<p>Guru nitah murid disina ngalarapkeun kecap pagawéan aktif N-+-keun kana kalimah. Pananya jeung jawaban nu kudu dipidangkeun ku murid bisa ditiénan ieu di handap.</p> <ol style="list-style-type: none"> dibungkusan → <i>mungkusan</i> Buku keur dibungkusan ku Ujang. Ujang keur keur <i>mungkusan</i> buku. diguratan → <i>ngaguratan</i> Keretas keur diguratan ku Dédi. Dédi keur ngaguratan keretas diwarnaan → <i>ngawarnaan</i> Gambar keur diwarnaan ku Néni. Néni keur <i>ngawarnaan</i> gambar. diajaran → <i>ngajaran</i> Sepédah keur diajaran ku Féri. Féri keur <i>ngajaran</i> sepédah. dipilihan → <i>milihan</i> Tiung keur dipilihan ku Bu Euis. Bu Euis keur <i>milihan</i> tiung. dibacaan → <i>macaan</i> Majalah keur dibacaan ku barudak. Barudak keur <i>macaan</i> majalah. diseuseuhan → <i>nyeuseuhan</i> Pakéan keur diseuseuhan ku bibi. Bibi keur <i>nyeuseuhan</i> pakén. dijawab → <i>ngajawab</i> Soal-soal dina buku keur dijawab ku barudak. Barudak keur <i>ngajawab</i> soal-soal dina buku.

	<p>9. diayuman → <i>ngayuman</i> Kecrik keur diayuman ku Mang Uhén. Mang Uhén keur <i>ngayuman</i> kecrik.</p> <p>10. Dicéboran → <i>nyéboran</i> Kekembangan dina pot keur dicéboran ku bapa. Bapa keur nyéboran <i>nyéboran</i> kekembangan dina pot.</p>
5.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngarobah kecap pagawéan pasif jadi kecap pagawéan aktif sarta larapna kana kalimah.

D. MOLAHKEUN PAGUNEMAN

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid disina maca jero haté téks nu judulna “Pohoan”.
2.	Guru nitah murid ngelompok, tuluy sina maca bedas paguneman giliran luyu jeung peranna séwang-séwangan.
3.	Guru meunteun murid bener henteuna dina molahkeun paguneman nu judulna “Pohoan”.

E. MIGAWÉ LATIHAN

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid disina niténan soal-soal nu geus disayagikeun.
2.	<p>Guru nitah murid disina ngajawab soal-soal nu geus disayagikeun. Soal jeung jawaban nu kudu dijawab ku murid bisa dititénan ieu di handap.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Saha nu datang ka imah Risal téh? <i>Wa Jéjén jeung Wa Nénéng</i> 2. Ari indung bapana Risal saha ngaranna? <i>Pa Gumilar jeung Bu Euis</i> 3. Ari Wa Jéjén jeung Risal téh kumaha pancakakina? <i>Uwa jeung suan.</i> 4. Naon hartina paribasa “rempug jukung sauyunan”? <i>Hirup akur tur babarengan.</i> 5. Naon paribasa mun urang ngahargaan ka sémah? <i>Soméah hadé ka sémah.</i> 6. Tuluykeun paribasa “ulah pagiri-giri calik,”? <i>Pagirang-girang tampian.</i>

	<p>7. Naon nu dilaksanakeun ku barudak dina paguneman “pohoan”? <i>Kaulinan ucing sumput.</i></p> <p>8. Saha nu jadi ucing dina paguneman “pohoan”? <i>Si Udin.</i></p> <p>9. Keur ngoméan naon bapana Udin téh? <i>Stop kontak.</i></p> <p>10. Pohoeun ku naon ari Udin téh? <i>Nyabak kabel listrik nu keur dioméan ku bapana.</i></p>
3.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab soal-soal nu geus disayagikeun.

F. NGALENGKEPAN PAGUNEMAN

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina niténan conto paguneman.
2.	Guru nitah murid disina diajar nyusun paguneman.
3.	<p>Guru nitah murid disina ngalengkepan paguneman nu sawatara kecapna dicopongkeun.</p> <p>Udin : Bén, ameng ka bumi Uu, yu!</p> <p>Béni : <i>Hayu</i>, badé améng naon kitu?</p> <p>Udin : Uu, gaduh kaulinan, ular tangga.</p> <p>Béni : Ah, saan kaulinan ular tangga.</p> <p>Udin : Kaulinan <i>naon</i>, atuh?</p> <p>Béni : Kumaha mun urang maén panggal.</p> <p>Udin : Mana kitu <i>panggal</i> nu Béni?</p> <p>Béni : Ke, urang candak heula ka <i>rorompok</i>.</p> <p>Udin : Enya, sok <i>atuh diantosan</i> di dieu.</p> <p>Béni : Antosan, nya, sakedap.</p> <p>Udin : Teu kenging <i>lami</i>, nya?</p> <p>Béni : Moal, atuh, ké rék lumpat.</p> <p>Udin : <i>Aya panggal</i> téh, Bén?</p> <p>Béni : Aya, ieu yeuh.</p> <p>Udin : Hayu, atuh urang ka bumi Uu ayeuna.</p> <p>Béni : <i>Hayu</i>”.</p>
4.	Guru meunteun murid bener henteuna dina nyusun paguneman.

G. MIGAWÉ PANCEN DI IMAH

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina néangan paguneman di imahna minangka PR.
2.	Guru nitah murid disina néangan bahan paguneman bisa tina buku, majalah, koran, atawa internét.
3.	Guru nitah murid disina nyieun sorangan atawa babarengan jeung babaturanana nyusun paguneman.

Sanggeus réngsé kagiatan diajar bahan dina pangajaran 4, guru babarengan jeung murid nyindekkeun eusi bahan pangajaran nu patali jeung “Hirup Rukun”. Guru ngayakeun réfléksi ngeunaan kamajuan diajar murid. Guru ogé ngukur kamampuh murid ku cara ngayakeun kagiatan meunteun, boh dina waktu lumangsung kagiatan diajar boh di ahir pangajaran. Jaba ti éta, guru nangtukeun geus tutas acan na murid kana bahan pangajaran maké Kritéria Katutasan Minimal (KKM).

EVALUASI

Kritéria Katutasan Minimal (KKM)

Kritéria Meunteun	Keterangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MACA BEDAS		
B. MAHAM EUSI PAGUNEMAN		
C. NGALARAPKEUN KECAP		
D. MIGAWÉ LATIHAN		
E. MOLAHKEUN PAGUNEMAN		
F. NGALENGKEPAN PAGUNEMAN		
G. MIGAWÉ PANCÉN DI IMAH		

PANGAJARAN 5

Tema : Pentingna Kaséhatan jeung Ubar-ubaran Tradisional
Bahan : Bahasan
Média : Téks

Tujuan Pangajaran:

Saréngsena kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca jero haté, maham ubar-ubaran, medar istilah ubar-ubaran, ngalarapkeun kecap, ngajembaran kaweruh, jeung nyatet rupa-rupa ubar-ubaran tradisional.

KAGIATAN DIAJAR

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya enam bagian, nyaéta (1) maca jero haté, (2) ngadiskusikeun ubar-ubaran, (3) medar istilah ubar-ubaran, (4) ngalarapkeun kecap, (5) ngajembaran kaweruh ubar-ubaran, jeung (6) migawé pancén di imah. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakan ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

A. MACA JERO HATE

No.	Kagiatan
1.	Saméméh pangajaran dimimitian, guru ngucapkeun salam. Tuluy guru nepikeun téma jeung tujuan pangajaran nu kudu dihontal.
2.	Guru nitah murid disina maca jero haté téks déskripsi anu témana ‘Pentingna Kaséhatan jeung Ubar-ubaran Tradisional’ kalawan judul “Ubar
3.	Ajaib di sabudeureun Urang”. Guru nitah murid disina nitenan eusi bacaan nu judulna “Ubar Ajaib di sabudeureun urang”.

B. NGADISKUSIKEUN UBAR-UBARAN

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maham eusi téks déskripsi anu témana ‘Pentingna Kaséhatan jeung Ubar-ubaran Tradisional’ kalawan judul “Ubar Ajaib di sabudeureun Urang”.

2. Guru nitah murid disina ngelompok pikeun ngadiskusikeun eusi téks “Ubar Ajaib di sabudeureun urang” ku cara ngajawab soal nu geus disayagikeun.

Pananya jeung jawaban nu kudu ditepikeun ku murid bisa dititénan ieu di handap.

Kelompok 1:

- 1) Catet aya zat naon nu dikandung ku buah apel?
mineral, vitamin, asam amino, jeung gula alami.
- 2) Bisa dipaké ubar naon waé buah apel téh? *Apel mantuan meresihan saluran dahareun jeung meresihkeun ginjal, bisa dipaké daya tahan awak.*
- 3) Sangkan jadi ubar, kudu dikumahakeun apel téh?
Pikeun ngubaran kasakit, dianjurkeun nginum jus apel satengah létér dina sapoéna.

Kelompok 2:

- 1) Di lebah mana kentang téh loba ngandung gizina?
gizina téh aya dina handapeun cangkangna.
- 2) Naon sababna mun mesék kentang ulah jero teuing?
Ngarah gizina henteu kapiceun.
- 3) Bisa dipaké ubar naon waé beuti kentang téh?
Kentang bisa mantuan ngaleungitkeun karedut handapeun panon jeung bareuh panon sarta ubar rieut.

Kelompok 3:

- 1) Naon gunana bawang bodas téh pikeun kaséhatan?
Hasiatna téh bisa muka saluran getih jeung antibiotik anu hadé.
- 2) Ti baheula mula bawang bodas téh sok dipaké ubar. Ubar naon waé nu bisa dicageurkeun ku bawang bodas? *Bawang bodas biasa dipaké ngubaran panas, batuk, bronhitis, jeung kasakit tikoro.*
- 3) Mun dicampurkeun kana susu, bawang bodas téh naon hasiatna? *Mun dicampurkeun kana susu, bawang bodas bisa ngurangan kasakit darah tinggi jeung rieut.*

Kelompok 4:

- 1) Lebah mana bédana bawang bodas jeung bawang beureum téh? *Béda jeung bawang bodas, ari bawang beureum mah bisa maéhan kuman, luar atawa jero awak urang.*
- 2) Bisa dipaké keur ngubaran naon waé bawang beureum téh? *Bawang beureum, hasiatna ngalancarkeun saluran dahareun jeung pamiceunan hamperu sarta nurunkeun tekanan getih.*
- 3) Keur pertolongan pertama, bawang beureum téh bisa dipaké keur ngubaran naon? *Mun aya nu demam jeung salesma.*

Kelompok 5:

- 1) Ari wortel téh bisa dipaké pikeun ningkatkeun naon? *Gunana pikeun nambahan jumlah 'butir darah mérah'.*
- 2) Mun loba teuing nginum cai wortel bakal kumaha? *Matak karacunan.*
- 3) Kasakit naon waé nu bisa diubaran ku wortel? *Bisa ngajaga awak urang tina demam, salésma, jeung bronhitis.*
3. Guru nitah wawakil kelompok nepikeun hasil diskusi kelompokna di hareupeun babaturan sakelasna.
4. Guru meunteun murid dina diskusi kelompok jeung bener henteuna dina ngajawab soal nu geus disayagikeun.

C. MEDAR ISTILAH UBAR-UBARAN

1. Guru nitah murid disina niténan tur ngapalkeun dangdaunan nu sok dipaké ubar-ubaran.
2. Guru nitah murid disina maca téks nu eusina gunana dangdaunan pikeun ubar-ubaran.
Contona:
 - 1) pucuk daun jambu batu
Pucuk jambu batu digodog, diuyahan saeutik, tur diinum, bisa dipaké ubar ménérét.
3. Guru nitah murid néangan dangdaunan séjénna anu bisa dipaké ubar-ubaran, tuluy nyatet dina buku tugasna.
4. Guru meunteun murid dina migawé pancén ngumpulkeun dangdaunan nu bisa dipaké ubar-ubaran.

D. NGALARAPKEUN KECAP

1. Guru nitah murid disina nyusun kalimah maké kecap-kecap nu geus disayagikeun.
Kecap jeung conto larapna dina kalimah ébréh ieu di handap.



- 1) kentang
Mamah nuju ngangeun *kentang* dina katél.

- 2) hui
Bi Juju nuju nyeupan *hui* dina langseng.
- 3) wortel
Kelenci rampus pisan mun dibéré *wortel* mah.
- 4) ~~Sampeu~~
Sampeu téh bisa dijieun peuyeum.
- 5) bangkuang
Saripati *bangkuang* bisa dipaké keur kulit sangkan jadi lemes.

Kecap bubuahan jeung larapna dina kalimah.

- 1) rambutan
Tangkal *rambutan* téh buahna leubeut pisan.
- 2) buah
Wewengkon Indramayu téh kawentar *buah* gincuna.
- 3) léngkeng
Di buruan imah Déni téh aya tangkal *léngkeng*.
- 4) nangka
Buah *nangka* walanda téh mirip jeung buah sirsak.
- 5) kalapa

2. Tina buah *kalapa* urang busa nyieun minyak keletik.
Guru nitah murid disina ngalengkepan kalimah ku kecap-kecap nu patali jeung katerangan sipat. Murid cukup masangeun kecap nu geus disayagikeun kana kalimah nu dicopongkeun.
 1. Langlayangan téh mani luhur A. nyempring
 2. Warna bajuna mani beureum..... B. ngagenclang
 3. Lutung téh buuna mani hideung C. ngagebay
 4. Cai walungan téh mani hérang D. mongkléng
 5. Opak sampeu téh mani ipis E. nyacäs
 6. Ulén téh kurang asak sabab kandel F. meles
 7. Bulan teu kaluar, peuting téh mani poék..... G. kedeplik
 8. Lampu téh mani caang..... matak sérab. H. ngawang-ngawang
 9. Cét témbok imah téh mani bodas..... I. euceuy
 10. Buntut maung téh mani panjang J. ngempray
3. Guru meunteun murid bener henteuna dina nyusun kalimah maké kecap-kecap nu disayagikeun jeung ngalarapkeun kecap katerangan sipat.

E. NGAJEMBARAN KAWERUH

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca deui bacaan ngeunaan hasiat bungbuahan
2.	<p>jeung dangdaunan pikeun kaséhatan.</p> <p>Guru nitah murid disina maham eusi bacaan ku cara ngajawab pananya nu geus disayagikeun. Pananya jeung jawabanana ébréh ieu di handap.</p> <p style="text-align: center;">Ngajembaran Kaweruh 1</p> <p>Pikeun maham eusi bacaan, pék jawab sakur pananya ieu di handap.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Kumaha carana ngamangpaatkeun buah alpuket téh? <i>Buah alpukeut téh diarah dagingna. Sok diasupkeun kana blénder, dijieun jus. Dicampuran cai gula jeung susu coklat kentel.</i> 2) Bisa dipaké ubar naon buah alpuket téh? <i>Buah alpuket matak séhat kana kulit jeung saluran padaharan, nyageurkeun nu kacanduan roko. Malah sok dipaké lulur awak atawa body lotion.</i> 3) Vitamin naon anu dikandung ku buah alpuket? <i>Vitamin A, B, C, jeung É.</i> 4) Lamun kuramas maké buah alpuket, kumaha carana? <i>Alpuket diblénder, tuluy dipeureut, diarah caina.</i> 5) Ti mana cenah asal-muasalna buah alpuket téh? <i>Ti Amérika Tengah, utamana di daérah Méksiko, Péru jeung Vénézuéla.</i> <p style="text-align: center;">Ngajembaran Kaweruh 2</p> <p>Pék jawab sakur pananya ieu di handap!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Buah cangkudu téh disebut ogé buah naon? <i>Si Noni.</i> 2) Naon hasiatna buah cangkudu téh? <i>Bisa nganormalkeun tekanan darah tinggi, nyageurkeun kasakit gula atawa amis daging, nyegah sumarambahna sél kanker, jeung ngalancarkeun pencernaan.</i> 3) Zat naon waé nu dikandung ku buah cangkudu? <i>Zat nu bisa ngaleungitkeun nikotin dina awak.</i> 4) Kumaha babandingan kadar sari buah cangkudu jeung jus cangkudu? <i>Kadarna mah sarua waé, nu béda téh prosés ngolahna. Cangkudu nu diblénder mah langsung, diarah caina, dieueut. Ari sari cangkudu mah sina jadi garing (diuapkeun caina), tuluy hasilna diprosés nepi ka jadi tipung.</i> 5) Naon alesanana pangna buah cangkudu alus dikonsumsi boh ku kolot boh ku budak? <i>Lantaran kana awak urang matak séhat.</i>
3.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab pananya nu geus disayagikeun.

F. MIGAWÉ PANCEN DI IMAH

No.	Kagiatan
1.	Guru ngajelaskeun bungbuahan atawa beubeutian anu bisa dipaké pikeun ubar. <i>Ubar-ubaran atawa obat-obatan nu dijieun tina dangdaunan atawa bungbuahan disebutna obat herbal. Beh ditu mah obat herbal téh disebutna ubar kampung atawa ubar tradisional. Ari ubar-ubaran nu geus dijieun tur diolah sacara kimiawi disebutna obat kimia. Ubar kampung jeung obat kimia téh hasiatna mah sarua baé. Ngan pédah ubar kampung mah tara langsung karasa harita hasiatna, sok rada elat, tapi aman mun dikonsumsi. Ari obat kimia mah cenah matak aya pangaruhna kana awak atawa kaséhatan séjénna.</i>
2.	Guru disina murid néangan hasiat bubuahan atawa beubeutian tina buku,
3.	majalah, koran, atawa internét. Guru nitah murid disina nyatet ti mana sumberna nyieun pancén atawa nyatet hasiat bubuahan atawa beubeutian.
4.	Guru nitah murid ngumpulkeun buku tugas anu eusina hasil nyatet hasiat tutuwuhan atawa beubeutian.
5.	Guru meunteun murid ngeunaan hasil tina migawé pancén.

Sanggeus réngsé kagiatan diajar bahan dina pangajaran 5, guru babarengan jeung murid nyindekkeun eusi bahan pangajaran nu patali jeung “Ubar-ubaran Tradisional Sunda”. Guru ngayakeun réfléksi ngeunaan kamajuan diajar murid. Guru ogé ngukur kamampuh murid ku cara ngayakeun kagiatan meunteun, boh dina waktu lumangsung kagiatan diajar boh di ahir pangajaran. Jaba ti éta, guru nangtukeun geus tutas acanna murid kana bahan pangajaran maké Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM).

EVALUASI

Kritéria Katutasan Minimal (KKM)

Kritéria Meunteun	Katerangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MACA JERO HATÉ		
B. NGADISKUSIKEUN UBAR-UBARAN		
C. MEDAR ISTILAH UBAR-UBARAN		
D. NGALARAPKEUN KECAP		
E. NGAJEMBARAN KAWERUH		
F. MIGAWÉ PANCÉN DI IMAH		

PANGAJARAN 6

Tema : Cinta Lemah Cai
Bahan : Sajak
Média : Téks

Tujuan Pangajaran:

Saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca bedas, maham eusi sajak, ngaarapkeun kecap, molahkeun paguneman, ngalengkepan paguneman, jeung migawé pancén di imah.

KAGIATAN DIAJAR:

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya enam bagian, nyaéta (1) maca bedas, (2) ngadiskusikeun sajak, (3) néangan harti jeung ngalarapkeun kecap, (4) maham unsur sajak, (5) ngadiskusikeun sajak, jeung (6) midangkeun hasil sawala. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakan ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap

A. MACA BEDAS

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca jero haté téks sajak anu témana ‘Cinta Lemah Cai’ kalawan judul “Alam Padésaan”.
2.	Guru nitah murid disina maca bedas atawa ngadéklamasikeun sajak nu judulna “Alam Padésaan”.
3.	Guru meunteun, murid dina maca bedas atawa déklamasi sajak nu judulna “Alam Padésaan”.

B. NGADISKUSIKEUN SAJAK

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina maham eusi sajak “Alam Padésan” ku cara ngajawab pananya nu geus disayagikeun.

2.	Guru nitah murid ngayakeun diskusi kelompok pikeun ngajawab pananya nu geus disayagikeun.
	<p>Pananya jeung alternatif jawaban tina unggal kelompok ébréh ieu di handap.</p> <p>Kelompok 1:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ceuk paragraf kahiji, kumaha kaayaan alam padésan téh? <i>Endah lain pupulasan.</i> 2) Matak kumaha kana haté urang alam padésan téh? <i>Plung-plong matak waas téténjoan.</i> <p>Kelompok 2:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ceuk paragraf kadua, kumaha kaayaan alam padésan téh? <i>Upluk-aplak pasawahan, leuweung héjo ku tatangkalan.</i> 2) Kumaha kaayaan wahangan di padésan téh? <i>Arula-arileu.</i> <p>Kelompok 3:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ceuk paragraf katilu, kumaha kaayaan taneuh di alam padésan téh? <i>Taneuhna subur tatanén ma'mur.</i> 2) Ti mana urang meunang alam nu éndah téh? <i>Rohmat ti Gusti nu Maha Gofur.</i> <p>Kelompok 4:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ceuk paragraf kaopat, kudu kumaha sikep urang ka alam padésan? <i>Alam padésan qajib diraksa jeung diriksa.</i> 2) Naha bet kudu kitu, naon tujuanana? <i>Keur sampeureun anak incu jaga.</i> <p>Kelompok 5:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ari alam padésan téh diriung jeung dikuriling ku naon? <i>Diriung ku gunung-gunung, dikuriling ku pasir-pasir.</i> 2) Kumaha kaayaan pasawahan jeung leuweung di padésan? <i>Pasawahan upluk-aplak jeung leuweung héjo ku tatangkalan.</i> <p>Kelompok 6:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Ceuk éta sajak, kumaha kaayaan cai jeung taneuh di padésan téh? <i>Caina canémbrang hérang, taneuhna subur.</i> 2) Ceuk titingalian hidep, kumaha kaayaan alam padésan ayeuna? <i>Geus robah, taneuhna garing, tatangkalan henteu héjo deui.</i>
3.	Guru meunteun murid dina ngayakeun diskusi jeung bener henteuna ngajawab pananya nu geus disayagikeun.

C. NEANGAN HARTI JEUNG NGALARAPKEUN KECAP

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid sina nengetan kecap-kecap anu dicontokeun dumasar kana téks sajak.
2.	<p>Guru nitah murid disina néangan harti kecap tina kamus atawa didiskusikeun jeung babaturanana dina kelompok.</p> <p>Kecap jeung hartina nu kudu dijawab ku siswa ébréh ieu di handap.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Tukang dagang di buruan sakola téh diriung ku barudak. diriung = <i>dironom, dilingkung</i> 2) Sakolah Déwi mah dikuriling ku pager témbok. dikuriling = <i>dilingkung, dikulibeng</i> 3) Mun urang boga barang, kudu diriksa ngarah awét. diriksa = <i>dirawat, diurus</i> 4) Leuweung téh ulah digunasika bisi ruksak. digunasika = <i>diganggu</i> 5) Pepelakan ulah diruksak bisa paraéh. diruksak = <i>diganggu</i>
3.	Guru meunteun murid dina diskusi kelompok jeun ngahartikeun kecap-kecap anu disayagikeun.

D. MAHAM UNSUR SAJAK

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina nengetan deui téks sajak anu geus dibacana.
2.	<p>Guru ngaping murid disina néangan jumlah jajaran jeung engang dina unggal jajaran téks sajak.</p> <p><i>Gundukan atawa pada kahiji diwangun ku 6 jajar: 8a-8a-8u-8i-8a-10a;</i> <i>Gundukan kadua diwangun ku 5 jajar: 8a-8a-9a-9a-10a;</i> <i>Gundukan katilu diwangun ku 4 jajar: 8a-10u-10u-10u;</i> <i>Gundukan kaopat diwangun ku 4 jajar: 8a-9a-10a-10a.</i></p>
3.	Guru ngaping murid disina néangan sasaruuan sora (purwakanti) dina téks sajak nu geus dibacana.

Dina sajak “Alam Padésan” aya kecap-kecap anu murwakanti atawa sarua sorana saperti sasaruwaan sora /a/, /i/, jeung /u/.

(1) Sasaruwaan sora /a/

Éndah **a**lam padés**a**an

Éstu lain pupul**a**san

Upluk-**a**plak pasaw**a**han

Plung-plong, mata**k** wa**a**s téténjo**a**n

Leuweung héjo ku tatangk**a**lan

Arula-**a**rileu wah**a**ngan

Ngocorkeun **c**ai **c**anémb**r**ang h**e**rang

(2) Sasaruwaan sora /u/

Diri**u**ng ku gun**u**ng-gun**u**ng
Taneuhna sub**u**r tatan**e**n ma**m**ur

Rohmat ti Gu**u**sti nu Maha Gof**u**r

Sangkan mah**l**uk-Na daék tafak**u**r

Wajib dir**a**ksa jeung dirik**a**

Ulah diruks**a**k digun**a**sika

Keur sampeureun **a**nak incu j**a**ga

(3) Sasaruwaan sora /i/

Diri**i**ng ku pasir/b**i** pasir

E. NGADISKUSIKEUN SAJAK

No.	Kegiatan
1.	Guru ngabagi murid jadi dalapan kelompok.
2.	Guru nitah murid disina diskusi kelompok perkara sajak.
3.	Guru nitah murid ngadiskusikeun sajak anu judulna béda-béda nu geus disayagikeun.
4.	Hiji sajak didiskusikeun ku dua kelompok murid. Kelompok 1 jeung 2 nyawalakeun sajak “Candi Cangkuang” Kelompok 3 jeung 4 nyawalakeun sajak “Lembur Kuring” Kelompok 5 jeung 6 nyawalakeun sajak “Kota Bandung” Kelompok 7 jeung 8 nyawalakeun sajak “Leuweung”.

Jawaban tina hasil diskusi kelompok:

Kelompok 1:

- 1) Gundukan kahiji dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Diwangun ku 10 jajar.*
- 2) Kumaha kaayaan di Kota Garut téh? *Kota nu pinuh ku kaéndahan, subur*
- 3) Keur naon cenah gunana candi téh? *Hiji tanda ti karuhun, cicirén nagri lastari.*
- 4) Kudu dikumahakeun candi téh ku seuweuh-siwi? *Kudu dipupusti.*
- 5) Keur tanda naon ari candi téh? *Jadi tuduh anak incu.*

Kelompok 2:

- 1) Gundukan kadua dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Diwangun ku 10 jajar.*
- 2) Kumaha kaayaan candi téh cenah? *Candi asri tur antik, éstu camperenik.*
- 3) Ti mana cenah meunang candi téh? *Candi warisan luluhur.*
- 4) Kudu dikumahakeun candi téh? *Ku urang kudu dijaga.*
- 5) Naon sababna urang kudu ngajaga candi? *Sangkan tetep lastari.*

Kelompok 3:

- 1) Gundukan kahiji, kadua, jeung katilu dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Masing-masing diwangun ku 5 jajar, 3 jajar, jeung 6 jajar.*
- 2) Kumaha kaayaan basa ngajanteng di mumunggang tanjakan Cibuluh téh? *Aya bagéa séah angin dina daun awi.*
- 3) Dipapag naon basa ngahuleng di tungtung leuweung Cibuluh téh? *Dipapag sawér kembang mahoni.*
- 4) Ceuk pada katilu, kumaha kaayaan di gunung jeung di tegalan téh? *Gunung beuki bedegul, jala di tegalan teu bulu-buluna acan.*
- 5) Naon nu geus teu nyésa di tegalan jeung di kiara téh? *Jalak jeung surili.*

Kelompok 4:

- 1) Gundukan kaopat dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Diwangun ku 5 jajar.*
- 2) Ceuk pada katilu, kumaha kaayaan kuring téh? *Lewu kuring ngembeng cimata.*
- 3) Kumaha sikep dulur jeung baraya téh? *Poho rumat hilap riksa.*
- 4) Kumaha lampah kuring di jalan satapak leuweung Cibuluh téh? *Nikreuh.*
- 5) Kumaha sikep kuring kana kaayaan leuweung Cibuluh téh? *Ukur bisa lumengis jeroeun dada.*

Kelompok 5:

- 1) Gundukan kahiji dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Diwangun ku 7 jajar.*
- 2) Kota Bandung téh jadi kota naon cenah? *Jadi kota pendidikan jeung budaya.*
- 3) Naon sababna kuring resep ka Kota Bandung? *Sabab Bandung kota nu seungit lir kembang.*
- 4) Kudu dikumahakeun Kota Bandung téh? *Diwangun babarengan.*
- 5) Ti bihari geus jadi naon Kota Bandung téh? *Geus jadi kota bermartabat.*

Kelompok 6:

- 1) Gundukan katilu dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Diwangun 7 jajar.*
- 2) Naon anu penting ti Kota Bandung téh? *Kamam'muran, pendidikan, agama, jeung seni budayana.*
- 3) Kudu dikumahakeun lingkungan hirup téh? *Kudu dirawat dipiara.*
- 4) Kudu kumaha olah raga jeung kasehatan téh? *Kasehatan jeung olahraga ulah suwung.*
- 5) Kumaha kaayaan masarakat Kota Bandung téh? *Cerdas, kréatif, jeung berprestasi.*

Kelompok 7:

- 1) Gundukan kahiji dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Diwangun ku 8 jajar.*
- 2) Ceuk Aki, kumaha kaayaan leuweung téh? *Leuweung rembet ku kakayon.*
- 3) Ari ceuk Nini, kumaha kaayaan leuweung téh? *Leuweung tiis, katiisan ku cai nu canémbrang hérang.*
- 4) Jadi tempat nu kumaha leuweung téh? *Tempat nginum sato gedé, satoleutik.*
- 5) Leuweung téh bakal pikabetaheun, lamun urang kumaha? *Lamun bisa metakeunana.*

Kelompok 8:

- 1) Gundukan kadua dina sajak diwangun ku sabaraha jajar? *Diwangun ku 10 jajar.*
- 2) Kumaha kaayaan leuweung nu kasaksian kiwari? *Leuweung kiwari lénglang taya hahalang.*
- 3) Kumaha kakayon dina leuweung kiwari? *Kakayon raruntag.*
- 4) Kumaha cenah kaayaan walungan kiwari? *Walungan teu kahalangan akar-akar.*
- 5) Ceuk hidep, kudu kumaha sikep urang ayeuna kana leuweung? *Kudu dijaga jeung dipiara, kaina ulah dituaran.*

4. Guru meunteun murid dina diskusi kelompok jeung ngajawab pananya ngeunaan sajak nu dibaca.

EVALUASI

Kritéria Katutasan Minimal (KKM)

Kritéria Meunteun	Katerangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MACA BEDAS SAJAK		
B. NGADISKUSIKEUN EUSI SAJAK		
C. NÉANGAN HARTI JEUNG NGALARAPKEUN KECAP		
D. MAHAM UNSUR SAJAK		
E. NGADISKUSIKEUN SAJAK		
F. MIDANGKEUN HASIL SAWALA (DISKUSI)		
G. MIGAWÉ PANCÉN DI IMAH		

PANGAJARAN 7

Tema : Kajadian dina Kehidupan
Bahan : Carita pondok (carpon)
Média : Téks

Tujuan Pangajaran:

Saréngsena kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca jero haté, maham eusi carpon, ngalarapkeun kecap, ngajembaran wawasan carpon, nyaritakeun deui carpon, ngarang carpon, jeung migawé pancén di imah.

KAGIATAN DIAJAR:

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya dalapan bagian, nyaéta (1) maca jero haté, (2) ngadiskusikeun eusi carpon, (3) ngalarapkeun kecap, (4) ngajembaran wawasan carpon, (5) néangan harti kecap (6) ngajembaran maca carpon, (7) ngarang carpon, dan (8) nyaritakeun eusi carpon. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakan ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap.

A. MACA JERO HATÉ

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca jero haté téks carpon anu témana ‘Kajadian’ kalawan judul “Kembang Lili kanggo Ibu”.
2.	Guru nitah murid disina nengetan eusi carpon nu judulna “Kembang Lili kanggo Ibu”.

B. NGADISKUSIKEUN EUSI CARPON

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca deui téks carpon anu judulna “Kembang Lili kanggo Ibu”.
2.	Guru nitah murid disina maham eusi carpon nu judulna “Kembang Lili kanggo Ibu” ku ngajawab pananya nu geus disayagikeun.

3. Guru nitah murid disina ngadiskusikeun eusi carpon nu geus dibacana.

Kelompok 1:

Naon téma nu dicaritakeun dina éta carpon téh? *Moral.*

Kelompok 2:

Saha waé palaku dina éta carpon? Kumaha watek palakuna? *Fajar, Putri, Bu Surya*

Kelompok 3:

Di mana, iraha, jeung kumaha suasana kajadian carita? *Di imah, di sakola, di jalan.*

Kelompok 4:

Cik pék caritakeun, kumaha galur caritana? *Fajar jeung Putri hayang méré hadiah kembang lili ka indungna, Bu Surya. Tapi hargana mahal. Fajar jeung Putri kaidéan di jajalaneun ti imahna ka sakola, aya imah nu di buruanana aya tangkal lili. Duanana boga niat rék metik kembang lili di buruan éta imah. Basa keur ngala kembang, nu bogana kaluar. Fajar jeung Putri lalumpatan meuntas jalan, ampir katabrak mobil. Datang ka imahna, kembang lili beunang metik ti buruan imah batur téh, dibikeun ka Bu Surya.*

Aya tatanggana Bu Surya nu ngabéjakeun kajadian Fajar jeung Putri nu metik kembang batur jeung rék katabrak mobil. Duanana diwurukan ku Bu Surya yén metik kembang batur téh kalakuan goréng. Kitu deui, Bu Surya leuwih hadé teu meunang kembang lili ti batan ditinggalkeun ku putrana nu ampir maot rék katabrak mobil.

Ahirna, Fajar jeung Putri ménta dihampura ka Bu Surya sarta moal milampah kalakuan nu salah deui saperti kitu.

Kelompok 5:

Ari pangarang ngagunakeun kecap-kecap-naon keur ngagambarkeun para palaku caritana? *Ku omongan jeung kalakuan para palakuna.*

Kelompok 6:

Ceuk éta carpon, kudu kumaha urang téh mun di jalan gedé atawa nyokot barang batur? *Di jalan kudu ati-ati bisi katabrak kendaraan. Ulah nyokot barang batur anu lain hak urang.*

- | | |
|----|---|
| 4. | Guru meunteun murid bener henteuna dina ngajawab soal nu geus disayagikeun. |
|----|---|

C. NGALARAPKEUN KECAP

No.	Kagiatan																				
1.	<p>Guru nitah murid disina niténan kecap nu maké rarangkén barung <i>pang--na</i>. Conto kalimahna:</p> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 15px; padding: 10px; margin: 10px auto; width: fit-content;"> <p>Kembang lili téh <i>pangdipikaresepna</i> ku Ibu.</p> </div>																				
2.	Guru nitah murid disina ngawangun kecap maké rarangkén barung <i>pang--na</i> .																				
3.	Guru nitah murid disina ngalarapkeun kecap nu geus maké rarangkén barung <i>pang—na</i> kana kalimah.																				
4.	<p>Guru nitah murid disina milih kecap nu geus dirarangkénan barung <i>pang—na</i> tur dipasangkeun kana kalimah nu dicopongkeun. Pananya jeung jawaban ku kecap nu geus dirarangkénan barung <i>pang—na</i>. Pasangkeun ieu kecap-kecap kana kalimah nu geus dikosongkeun.</p> <table border="0"> <tr> <td>1. Déwi téh _____C_____ di sakola.</td><td>A. pangsonagarna</td></tr> <tr> <td>2. Dina soal ngawih mah, Néni téh ____B____</td><td>B. pangpunjulna</td></tr> <tr> <td>3. Di antara dulur-dulurna, Wawan ____A_____</td><td>C. pangpinterna</td></tr> <tr> <td>4. Jajang téh _G_, jangkungna ngan 1,30 cm.</td><td>D. pangbageurna</td></tr> <tr> <td>5. Féri ____I____ di antara pamaén voli mah.</td><td>E. pangdeukeutna</td></tr> <tr> <td>6. Leumpang Galih téh _____J_____</td><td>F. pangwanterna</td></tr> <tr> <td>7. Ku sabab ____H____, lalangit gé bisa katoél.</td><td>G. pangpendékna</td></tr> <tr> <td>8. Jarak imah Rudi ka sakola téh ____E____</td><td>H. pangjangkungna</td></tr> <tr> <td>9. Lantaran_D_, Eni téh dipikanyaah ku indungna</td><td>I. pangcangkerna</td></tr> <tr> <td>10. Di antara babaturanana, Dadang ____F____</td><td>J. panggancangna</td></tr> </table>	1. Déwi téh _____C_____ di sakola.	A. pangsonagarna	2. Dina soal ngawih mah, Néni téh ____B____	B. pangpunjulna	3. Di antara dulur-dulurna, Wawan ____A_____	C. pangpinterna	4. Jajang téh _G_, jangkungna ngan 1,30 cm.	D. pangbageurna	5. Féri ____I____ di antara pamaén voli mah.	E. pangdeukeutna	6. Leumpang Galih téh _____J_____	F. pangwanterna	7. Ku sabab ____H____, lalangit gé bisa katoél.	G. pangpendékna	8. Jarak imah Rudi ka sakola téh ____E____	H. pangjangkungna	9. Lantaran_D_, Eni téh dipikanyaah ku indungna	I. pangcangkerna	10. Di antara babaturanana, Dadang ____F____	J. panggancangna
1. Déwi téh _____C_____ di sakola.	A. pangsonagarna																				
2. Dina soal ngawih mah, Néni téh ____B____	B. pangpunjulna																				
3. Di antara dulur-dulurna, Wawan ____A_____	C. pangpinterna																				
4. Jajang téh _G_, jangkungna ngan 1,30 cm.	D. pangbageurna																				
5. Féri ____I____ di antara pamaén voli mah.	E. pangdeukeutna																				
6. Leumpang Galih téh _____J_____	F. pangwanterna																				
7. Ku sabab ____H____, lalangit gé bisa katoél.	G. pangpendékna																				
8. Jarak imah Rudi ka sakola téh ____E____	H. pangjangkungna																				
9. Lantaran_D_, Eni téh dipikanyaah ku indungna	I. pangcangkerna																				
10. Di antara babaturanana, Dadang ____F____	J. panggancangna																				

Pananya jeung alternatif jawaban kana kalimah nu kudu dilengkepan ku rupa-rupa kecap nu geus dirarangkénan.

Ieu di handap aya kalimah–kalimah anu geus dikosongkeun. Pék lengkepan ku milih kecap nu geus disadiakeun di gigirna.


- | | |
|--|-------------------|
| 1. Di perpsutakaan mah buku __E__ téh lengkep. | A. maca |
| 2. Cing, Ua__H__ surat, Dén! | B. dibaca |
| 3. Buku téh __D__ hiji-hiji taya nu kaliwat. | C. macaan |
| 4. Ki Uding keur __I__ surat ku incuna. | D. dibacaan |
| 5. Pék__G__ heula pituduh keur ngajawabna. | E. bacaan |
| 6. Ujang keur __A__ buku di kamerna. | F. babacaan |
| 7. Uni keur __J__ pituduh nginum obat keur ninina. | G. baca |
| 8. Buku téh__B__ sing imeut, ulah aya nu kaliwat. | H. pangmacakeun |
| 9. Méméh indit ka sakola, Nunu __F__ heula. | I. dipangmacakeun |
| 10. Déwi keur __C__ surat nu katarima ku manéhna. | J. mangmacakeun |

D. NGAJEMBARAN WAWASAN CARPON

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca deui téks carpon anu judulna “Ngabuburit”.
2.	Guru nitah murid disina niténan eusi téks carpon anu judulna “Ngabuburit”.
3.	<p>Guru nitah murid sangkan maham eusi téks carpon “Ngabuburt” ku cara ngajawab pananya nu geus disayagikeun.</p> <p>Sangkan hidep leuwih nyangkem eusi caritana, pék jawab pananya ieu di handap!</p> <p>1) Naon téma nu dicaritakeun dina carpon di luhur? <i>Kamasarakatan (sosial).</i></p> <p>2) Saha waé palaku dina éta carpon? <i>Ais (abdi), mamah, Ceuceu, Tétéh, Wa Didi, Wa Mimih.</i></p> <p>Kumaha watek palakuna? <i>Ais (abdi) watekna sabar, Mamah watekna bageur, Wa Didi jeung Wa Mimih watekna bageur, Tétéh watekna perhatian.</i></p> <p>3) Di mana, iraha, jeung kumaha suasana kajadian dina éta carpon? <i>Kajadiaanana di imah, di jalan, jeung di bumi Wa Didi. Waktuna pabeubeurang maju ka soré. Suasana pikareuwaseun lantaran Ceuceu pias tur kapaéhan.</i></p>

- 4) Kumaha galur caritana éta carpon téh? *Ceuceu nu keur puasa aya nu ngajak ngabuburit. Tapi di jalan Ceuceu teu kiat nahan lapar, teras pias tur kapaéhan. Ceuceu dirawat di bumina Wa Didi. Ceuceu dieueutan susu coklat sagelas. Ahirna Ceuceu dijajapkeun uih tur diganding ku Wa Didi.*
- 5) Ngagunakeun kecap-kecap naon, pangarang nyebutkeun palaku dina éta carpon? *Ku omongan jeung paripolah panyatur.*
- 6) Amanat naon nu hayang ditepikeun ku pangarang ka nu maca dina éta carpon? *Di antara papada urang kudu silih tulungan.*

E. NÉANGAN HARTI KECAP

1. Guru nitah murid disina maca deui téks carpon anu judulna “Ngabuburit”.
2. Guru nitah murid néangan harti kecap tina kamus nu geus dilarapkeun kana kalimah.
 - 1) ngabuburit = *Ulin keur ngadagoan waktu magrib.*
Bulan puasa sok réa barudak *ngabuburit*.
 - 2) kapungkur = *Baheula, baréto*
Bandung téh *kapungkur* mah teu ramé cara ayeuna.
 - 3) kapilanceuk = *anak ua, sifat lanceuk*
Pernahna Béni ka Kang Dadi téh *kapilanceuk*.
 - 4) ngalakonan = *ngalaman*
Urang wajib *ngalakonan* salat nu lima waktu.
 - 5) diwidian = *diidinan*
Abdi *diwidian* wangsul ti sakola margi udur.
 - 6) munggaran = *mimiti*
Tangkal nu *munggaran* buahanana mah biasana tara leubeut.
 - 7) disuguhan = *dibéré idangan*
Kuring jeung babaturan *disuguhan* dahar ku Pa Guru.
 - 8) nyuhunkeun = *ménta*
Kang Nandang *nyuhunkeun* widi ka wali kelas bade wangsul.
 - 9) ngawartosan = *ngabéjaan*
Apip *ngawartosan* guru-guru kedah gempungan.
 - 10) hanaang = *hayang nginum, aus*
Ku margi olah raga di nu panas waé, abdi jadi *hanaang*.
3.  Guru meunteun murid bener henteuna dina ngahartikeun kecap nu dilarapkeun kana kalimah.

F. MACA MANDIRI DI IMAH

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid disina maca deui téks carpon anu judulna “Teu Damang Aki” di imahna séwang-séwangan.
2.	Guru nitah murid disina niténan eusi téks carpon “Teu Damang Aki”.
3.	<p>Guru nitah murid disina maham eusi ték carpon “Teu Damang Aki” ku cara ngajawab pananya nu geus disayagikeun.</p> <p>Pikeun maham eusina, pék jawab sakur pananya ieu di handap.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1) Naon téma nu dicaritakeun dina éta carpon téh? <i>Kamasarakatan (sosial).</i> 2) Kumaha ari watekna Aki téh? <i>Bageur.</i> 3) Ari kaayaan Aki ayeuna kumaha? <i>Teu damang.</i> 4) Jaba ti Aki, saha waé nu dicaritakeun dina éta carpon téh? <i>Eni, Bi Eni, Nyai, Jati, Ibu, jeung Ayah.</i> 5) Iraha jeung di mana kajadian carita dina éta carpon téh? <i>Di imah Jati, di bumi Aki, jeung di rumah sakit.</i> 6) Badé naon Aki téh dicandak ka rumah sakit? <i>Dirawat margi teu damang.</i> 7) Kumaha galur atawa runtuyan caritana éta carpon téh? <i>Aki teu damang répot, teras dicandak ka rumah sakit sarta dirawat. Di rumah sakit Aki diantosan ku Ibu. Ayah ogé rumah sakit ningal Aki bari mapagkeun Ibu. Abdi sareng Jati dititipkeun ka Bi Eni. Waktos abdi hudang, ayah nuju bobo sareng Jati. Ari Ibu nuju ngetik.</i> 8) Ngagunakeun kecap-kecap naon pangarang dina nyebutkeun palaku carita? <i>Ngagunakeun omongan jeung paripolah palakuna.</i> 9) Kunaon Aki téh teu damangna? <i>Aki téh gohgoy, sareng énggal capé upami mapah.</i> 10) Kudu kumaha urang téh ceuk éta carpon? <i>Kudu nyaah ka sepuh, komo pami sepuh teu damang mah.</i>

G. NGARANG CARPON

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid disina ngarang carpon.

2. Ngarah babari, guru nitah murid nuluykeun carpon nu can réngsé anu geus disayagkeun.

KA MUSEUM SRIBADUGA

.....

Di perjalanan barudak éak-éakan bari kakawihan. *Maranéhna bangun nu barungaheun naker. Ari sababna, tara biasana diabringkeun ku guruna diajar ka luar sakola. Harita ogé maranéhna diajak diajar ka Museum Sribaduga.*

Sanggeus nepi ka tujuan, mobil diparkir di buruan museum. Barudak kalaluar tina mobil angkutan bari ngagarandong kantong. *Barudak diaping ku guruna asup ka rohangan museum. Saméméh nempoan barang-barang nu aya di museum, barudak disina ngadagoan heula lantaran Pa Wandu rék meuli heula karcis.*

Pa Wandu leumpang muru ka lokét karcis, tuluy meuli keur sajumlah barudak. Geus kitu, ngagupayan barudak sangkan nuturkeun asup ka gedong

museum. Sanggeus digupayan, barudak prasur nuturkeun Pa Wandu, mangkok, piring, malah aya naskah buhun. Pokona mah rupa-rupa barang titinggal karuhuna urang Sunda aya. Dina unggal barang dingaranan. Jaba ti éta, aya patugas anu nerangkeun rupa-rupa barang titinggal karuhun. Asalna ti mana jeung ti jaman iraha.

Kira-kira tabuh 12-an, rombongan barudak kaluar ti musieum, tuluy ngarumpul di béh juru. Barudak maruka bekel dahareun. *Tuluy balakecrakan dalahar bangun nu ni'mateun pisan. Pa Wandu ogé teu kaliwat milu ngariung jeung barudak.*

Sanggeus réngsé dalahar mah, barudak haranajat deui kana mobil rombongan. Rék baralik ka imahna séwang-séwangan. Tapi mobil romobongan mah jajapna nepi ka sakolana. Najan kitu, ari nu imahna kaliwatan mah tarurun di jalan.

3. Guru meunteun murid dina ngarang carpon ku cara nuluykeun carita nu can lengkep.

H. NYARITAKEUN EUSI CARPON

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina néangan carpon séjénna tina buku, koran, atawa majalah.
2.	Guru nitah murid maca deui dina jero haté carpon nu geus dicatetna.
3.	Guru nitah murid disina nyaritakeun deui eusi carpon nu geus dicatetna.
4.	Guru meunteun murid bener henteuna dina nyaritaeun deui eusi carpon nu geus dicatetna.

Sanggeus réngsé kagiatan diajar bahan dina pangajaran 6, guru babarengan jeung murid nyindekkeun eusi bahan pangajaran nu patali jeung “Kajadian dina Kahirupan”. Guru ngayakeun réfléksi ngeunaan kamajuan diajar murid. Guru ogé ngukur kamampuh murid ku cara ngayakeun kagiatan meunteun, boh dina waktu lumangsung kagiatan diajar boh di ahir pangajaran. Jaba ti éta, guru nangtukeun geus tutas acanna murid kana bahan pangajaran maké Kritéria Katutasan Minimal (KKM).

EVALUASI

Kritéria Katutasan Minimal (KKM)

Kritéria Meunteun	Keterangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MACA JERO HATÉ		
B. NGADISKUSIKEUN EUSI CARPON		
C. NGALARAPKEUN KECAP		
D. NGAJEMBARAN CARPON		
E. NÉANGAN HARTI KECAP		
F. MACA CARPON DI IMAH		
G. NGARANG CARPON		
H. NYARITAKEUN EUSI CARPON		

PANGAJARAN 8

Tema : Kajadian dina Kahirupan
Bahan : Dongéng Sasakala
Média : Téks

Tujuan Pangajaran:

Saréngséna kagiatan diajar ngajar, murid bisa maca jero haté, maham eusi paguneman, ngalarapkeun kecap.

KAGIATAN DIAJAR

Saméméh kagiatan diajar lumangsung, guru nepikeun nepikeun heula téma, tujuan, jeung gurat badag bahan pangajaran. Guru ngébréhkeun yén bahan ajar aya enam bagian, nyaéta (1) maca jero haté, (2) ngadiskusikeun eusi DONGÉNG sasakala, (3) ngalarapkeun kecap, (4) mikaweruh dongéng, (5) ngadongéng jeung (6) néangan dongéng. Guru ngondisikeun murid sangkan sayaga pikeun diajar.

Kagiatan diajar dilaksanakan ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap

A. MACA JERO HATÉ

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca jero haté téks dongéng anu témana ‘Kajadian’ kalawan judul “Sasakala Situ Bagendit”.
2	Guru nitah murid disina nengetan eusi dongéng nu judulna “Sasakala Situ Bagendit”.

B. NGADISKUSIKEUN DONGÉNG SASAKALA

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca deui téks dongéng anu judulna “Sasakala Situ Bagendit”.
2.	Guru nitah murid disina maham eusi dongéng nu judulna “Sasakala Situ Bagendit” ku ngajawab pananya nu geus disayagikeun.
3.	Guru nitah murid ngadiskusikeun pananya nu geus disayagikeun. Tiap kelompok ngajawab pananya anu béda-béda.

Kelompok 1:

1. Naon téma nu dicaritakeun dina dongéng sasakala Situ Bagendit téh? *Moral dina kahirupan.*
2. Saha palaku utama dina éta dongéng? *Nyi Endit, si Aki.*

Kelompok 2:

3. Kumaha watek palaku utama dina éta dongéng? *Nyi Endit watekna angkuh jeung pedit (korét).*
4. Di mana tempatna jeung iraha waktu kajadian carita dina éta dongéng? *Di wewengkon Garut. Waktu kajadianana baheula.*

Kelompok 3:

5. Kumaha kaayaan wewengkon harita ceuk éta dongéng? *Kaayaan kaméyah hayato hirup tina tani.*
6. Kumaha papopohan masarakat harita waktu cai ngagulidag? *Jelema pating corowok bari kohkol ditihirkeun, baruriak nyingkahan embur.*

Kelompok 4:

7. Kumaha galur caritana tina éta dongéng téh? *Nyi Endit jalma beungkar tapi korét. Hiji waktu kedatangan aki-aki diiteuk siga nu barangmaén tur lapareun pisan. Ménta dahar ka Nyi Endit tapi teu dibéré. Aki-aki téa nancebkeun iteuk bari ngomong yén dunya barana moal langgeng. Ngomong kituna téh bari nyabut iteukna nu ditancebkeun. Atuh burial cai tina jero taneuh, anu beuki lila beuki loba sarta ngeueum pakampungan. Nyi Endit ogé kakeueum ku cai. AHirna éta lembur jadi situ, anu nelah Situ Bagendit.*
8. Ulah kumaha urang hirup ceuk éta dongéng? *Ulah sarakah tur korét. Ari sababna, dunya barana mah moal langgeng.*

Kelompok 5:

9. Dicokot tina kecap naon ngaran Situ Bagendit téh? *Dicokot tina ngaran Bagénda Endit.*
10. Di mana ayaana Situ Bagendit téh? *Di wewengkon Garut.*

C. NGALARAPKEUN KECAP

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina niténan conto makéna kecap saharti (sinonim).

Contona ébréh ieu di handap:

Kacaturkeun aya awéwé nu kasohor ku beungharna.

beunghar = _____

beunghar = jegud, kaya

Kecap *beunghar* téh sarua hartina jeung kecap *jegud* atawa *kaya*.

2. Guru nitah murid disina néangan sasaruuan kecap nu geus disayagikeun.
3. Guru nitah murid disina ngalarapkeun kecap nu geus ditéangan sasaruuanana kana kalimah nu geus disayagikeun.

Téangan kecap sasaruuanana. Pigawé kawas conto di luhur!

1. Nyi Endit katotol ku korétna.
korét = *pedit*
2. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun.
dibikeun = *dipasihkeun*
3. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun.
dipiceun = *teu diarah*
4. Sakalieun nginjeumkeun duit gé, mun malikkeun kudu ditambahan.
ditambahan = *dileuwihan*
5. Aya jelema umurna geus kacida kolotna.
kolot = *sepuh*
6. Eta jelema téh katempona siga lapareun kacida.
katempo = *katingali*
7. Imah Nyi Endit nyokot peti paranti nyimpen emas permata.
nyimpen = *neundeun*
8. Imah Nyi Endit teu miroséa bahaya banjir.
miroséa = *merhatikeun*
9. Isukna urang lembur gujrud.
gujrud = *ibur, éar*
10. Urang lembur buriak nyingkahan banjir.
nyingkahan = *ngajauhan*

4. Guru nitah murid disina néangan lalawanan harti kecap nu geus disayagikeun dina kalimah.

Kecap *beunghar* téh sabalikna tina kecap *miskin*. Ieu di handap aya kecap-kecap anu kudu ditéangan kecap sabalikna. Pigawé kawas conto di luhur!



	<ol style="list-style-type: none"> 1. Nyi Endit katotol korét kacida. korét x <i>béréhan</i> 2. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun. dibikeun x <i>dipénta</i> 3. Boga dahareun téh ti batan dibikeun kalah dipiceun. dipiceun x <i>diarah</i> 4. Sakalieun nginjeumkeun duit gé, mun mayar kudu ditambahan. ditambahan x <i>dikurangan</i> 5. Aya jelema umurna geus kolot kacida. kolot x <i>ngora</i> 6. Eta jelema téh katempona siga lapareun kacida. lapar x <i>wareg, seubeuh</i> 7. Imah Nyi Endit téh alus pisan, béda ti batur. alus x <i>goréng</i> 8. Imah Nyi Endit téh alus pisana, béda ti batur. béda x <i>sarua</i> 9. Iteuk téh ditancebkeun kana jero taneuh. jero x <i>luar</i> 10. Urang lembur buniak nyingkahan banjir. buniak x <i>karumput</i>
4.	Guru meunteun murid bener henteuna dina ngeusiaan kesap saharti dina kalimah nu geus disayagikeun.

D. MIKAWERUH DONGÉNG

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina maca katerangan ngeunaan dongéng katut rupa-rupa dongéng.
2.	Guru nerangkeun harti dongéng jeung rupa-rupa dongéng ka murid-murid.
3.	Guru nitah murid nyindekkeun harti dongéng katut rupa-rupa dongéng.

E. NGADONGÉNG

No.	Kegiatan
1.	Guru nitah murid disina maca deui dongéng nu judulna “Sasakala Situ
2.	Paténggang” Guru nitah murid disina niténan eusi dongéng nu judulna “Sasakala Situ Paténggang”.
3.	<p>Guru nitah murid disina maham eusi dongéng ku cara ngajawab pananya nu geus disayagikeun.</p> <p>Pikeun maham eusina, pék jawab pananya ieu di handap. Bisa diskusi jeung babaturan.</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Naon jejer atawa témana éta dongéng téh? <i>Kamasarakatan tur cinta nu sajarah.</i> 2. Saha watek palakuna? <i>Ratu Ayu Arda Candra, Lembu Wulung, Liman Jaya, Paksi Giri, Cutak Cibuni, jeung Jaka Sona.</i> 3. Kumaha watek palakuna? <i>Ratu Ayu, Jaka Sona, jeung Cutak Cibuni watekna bageur. Ari Lembu Wulung watekna jahat.</i> 4. Di mana kajadian éta carita? <i>Di Karajaan Kuta Gedé di Tutugan Gunung Patuha.</i> 5. Iraha waktu kajadianana? <i>Jaman baheula.</i> 6. Kumaha suasana kajadianana? <i>Pikasediheun jeung mata ngangres.</i> 7. Caritakeun galur caritana? 8. Saha nu kaleleban téh? <i>Ratu Ayu Arda Candra.</i> 9. Ceuk éta carita, urang téh ulah boga sipat kumaha? <i>Jail kaniaya jeung deleka ka batur.</i> 10. Unsur naon nu teu asup akal dina éta dongéng? <i>Jaka Sona jadi uncal jalu.</i>
4.	Guru nitah murid disina néangan harti kecap anu hésé tina dongéng “Sasakala Situ Paténggang”. Jawaban gumantung ka murid.
5.	Guru nitah murid disina ngadongengkeun deui “Sasakala Situ Bagendit” di hareupeun babaturanana.
6.	Guru meunteun murid dina ngajawab soal ngeunaan dongéng “Sasakala Situ Paténggang” sarta kamampuh ngadingéngkeun deui éta carita.

F. NEANGAN DONGÉNG

No.	Kagiatan
1.	Guru nitah murid disina néangan dongéng séjénna.
2.	Guru nitah murid disina nyatet dongéng séjénna tina buku, majalah, koran, internét, atawa nanyakeun ka kolotna.
3.	Guru nitah murid ngumpulkeun dongéng nu dicatet dina buku tugas dina minggu hareupna.
4.	Guru meunteun tugas murid ngeunaan dongéng nu geus dikumpulkeun ku murid.

Sanggeus réngsé kagiatan diajar bahan dina pangajaran 8, guru babarengan jeung murid nyindekkeun eusi bahan pangajaran nu patali jeung “Kajadian dina Kahirupan”. Guru ngayakeun réfléksi ngeunaan kamajuan diajar murid. Guru ogé ngukur kamampuh murid ku cara ngayakeun kagiatan meunteun, boh dina waktu lumangsung kagiatan diajar boh di ahir pangajaran. Jaba ti éta, guru nangtukeun geus tutas acanna murid kana bahan pangajaran maké Kritéria Katutasan Minimal (KKM).

EVALUASI

Kritéria Katutasan Minimal (KKM)

Kritéria Meunteun	Keterangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MACA JERO HATÉ		
B. NGADISKUSIKEUN DONGÉNG SASAKALA		
C. NGALARAPKEUN KECAP		
D. MIKAWERUH DONGÉNG		
E. NGADONGÉNG		
F. NÉANGAN DONGÉNG		

Bab 3

*Pituduh
Meunteun*

A. Kriteria Meunteun Katutasan Minimal (KKM)

1. KKM dipeunteun dina unggal ahir pangajaran keur tiap-tiap murid.
2. Jumlah komponén anu dipeunteun béda-béda guantung kana jumlah komonén dina unggal pangajaran.
3. Komponén anu dipeunteun dikontréng geus tutas acanna.
4. Conto rubrik KKM Pangajaran 9

Kriteria Katutasan Minimal (KKM)

Kriteria Meunteun	Keterangan Tutas	
	Enggeus	Encan
A. MACA JERO HATÉ		
B. NGADISKUSIKEUN DONGÉNG SASAKALA		
C. NGALARAPKEUN KECAP		
D. MIKAWERUH DONGÉNG		
E. NGADONGÉNG		
F. NÉANGAN DONGÉNG		

B. Rubrik Meunteun Sawala (Diskusi)

Kriteria	ALus Pisan (3)	Cukup (2)	Latihan Deui (1)
Ngaregepkeun	Saregep	Kurang saregep	Api lain
Komunikasi non-verbal	Ngaréspon	Kurang réspon	Api lain
Ilubiung	AKtif, silihédan	Kurang aktif	Cicingeun
Omongan	Nepikeun pamadegan ngaruntuy	Nepikeun pamadegan kurang ngaruntuy	Cicingeun

Keterangan:

1. Kumpulkeun peunteun murid luyu jeung aspék nu dipeunteun.

2. Cara meunteun :
$$\frac{\text{Total peunteun}}{12} \times 10$$

3. Contona :
$$\frac{2 + 3 + 1 + 2}{12} \times 10 = \frac{8}{12} = 6,7$$

C. Rubrik Meunteun Sikep

No.	Sikep	Encan écés	Mimiti écés	Mimiti Mekar	Dibiasakeun	Kat.
1.	Taliti					
2.	Tanggung jawab					
3.	Disiplin					
4.	Jujur					
5.	Santun					
6.	Peduli					
7.	Percaya diri					

D. Rubrik Meunteun Latihan

1. Latihan dipeunteun luyu jeung lobana soal katut hésé banggana.
2. Lamun aya soal latihan 5, tiap soal dibéré peunteun 2, jumlah skorna 10.
Jumlah soal (5) X bobot peunteun (2) = 10.
3. Lamun aya soal latihan 10, tiap soal dibéré peunteun 1, jumlah skorna 10.
Jumlah soal (10) x booto peunteun (1) = 10.

E. Rubrik Meunteun Maca

1. Rubrik Meunteun Maca Jero Haté

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Pemahaman Literal: Kaweruh tina bacaan	10 -- 20
2.	Pemahaman Inferensial: Kacindekan Eusi bacaan	10 -- 20
3.	Pemahaman Evaluasi: Ngajén Eusi bacaan	10 -- 20
4.	Pemahaman Apresiasi: Neuleuman eusi bacaan	10 -- 20
	Jumlah	40 -- 100

2. Rubrik Meunteun Maca Bedas

Kaasup pikeun meunteun maca bedas sajak atawa déklamasi.

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Basa: Diksi, struktur, jeung Artikulasi/intonasi	10 – 35
2.	Eusi: Kasaluyuan topik jeung eusi, isi, pemahaman eusi	10 – 35
3.	Tagog: Gestur, gaya maca	10 – 30
	Jumlah	30 -- 100

F. Rubrik Meunteun Nembang

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Titilaras (pageuh kana nada, henteu sumbang)	10 – 35
2.	WIrakma (Pedotan, Ipi-kandel, anca-gancang)	10 – 35
3.	Kedaling (Neuleuman, Miharti eusi rumpaka pupuh)	10 – 30
	Jumlah	30 -- 100

G. Rubrik Meunteun Biantara

Biantara bakal mucekil hasilna lamun urang YAKIN (Bisa, Mampuh, Hasil, tur Suksés). Urang kudu ngararasakeun proses biantara (Diajar, Latihan, jeung Nyoba).

Pikeun meunteun biantara bisa dipake sawatara aspek ieu di handap.

No.	Aspék	Bobot	Jumlah Nilai
1.	Aspek Bahasa a. Pilihan kata, gaya bahasa, tatakrama bahasa b. Struktur bahasa (bentukan kata dan kalimat) yang benar c. Pelafalan dan intonasi	35	
2.	Pemahaman Isi a. Penguasaan Isi b. Penghayatan dan penjiwaan (imaji) c. Organisasi dan sistematika penyampaian isi	35	
3.	Penampilan (Ekspresi) a. Gestur (mimik dan gerak) b. Kreasi dan gaya bicara	30	
J u m l a h		100	

★ Rentang nilai 60 – 100

H. Rubrik Meunteun Ngarang

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Eusi atawa penggagasan	13 – 35
2.	Organisasi tulisan	7 – 20
3.	Kandaga kecap jeung pilihan kecap	7 – 20
4.	Adegan basa	7 – 20
5.	Unsur mékanik: Ejaan, tanda baca, jeung karapihan	2 – 5
	Jumlah	30 – 100

I. Rubrik Meunteun Aksara Sunda

No.	Aspék Nu Dipeunteun	Jumlah
1.	Karapihan tulisan: Wangun aksara, jajaran lempeng	10 – 20
2.	Kaajegan wangun aksara	10 – 30

3.	Benerna wangun aksara	10 – 30
4.	Benerna pananda sora (rarangkén)	10 – 20
	Jumlah	40 -- 100

J. Daftar Peunteun Murid

(Kaweruh jeung Kaparigelan)

No.	Ngaran Murid	Rata-rata Peunteun Tiap Pangajaran									M
		1	2	3	4	5	6	7	8	9	
1.											
2.											
3.											
4.											
jst.											

K. Refleksi Guru

Réfléksi mangrupa eunteung tina kagiatan diajar ngajar geus hasil acanna. Ku kituna, guru kudu ngajawab pananya ieu di handap.

1. Kumaha prakna pangajaran? Pangajaran mana nu geus éféktif?

.....

2. Pangajaran mana nu perlu ditingkatkeun?

.....

3. Bahan mana nu geus dikawas ku murid?

.....

4. Naha aya bahan nu héséeun keur murid?

.....

5. Kumaha rarancang ngoméan pangajaran keur minggu hareup?

Kumaha léngkah-léngkahna?

.....

Bab

4

*Bahan
Pangjembar*

A. Kaweruh Basa jeung Sastra

Karangan Dadaran

Déskripsi, dadaran, atawa candraan téh nyoko kana wangun wacana anu eusina ngadadarkeun atawa ngébréhkeun kagiatan indra (panempo, panguping, pangrasa, panyabak, jeung pangambeu) minangka hasil pangalamanana. Dina wacana déskripsi digambarkeun obyék sayaana jeung sajénté-jéntrena bari ditataan hiji-hiji kalawan wincik. Tujuan déskripsi pikeun motrét atawa ngalapor-keun saayana naon-naon nu dipikanyaho tanpa dikoméntaran.

Ari paguneman nyoko kana omongan nu ngagambarkeun hubungan timbal-balik antara dua urang atawa leuwih. Dina paguneman aya nu nyarita atawa panyatur aya nu ngaregepkeun atawa pamiarsa. Lamun panyatur keur nyarita atawa ngomong, pamiarsa ngaregepkeun. Kitu deui sabalikna, lamun pamiarsa robah jadi panyatur, nya panyatir

robah jadi pamiarsa. Hubungan timbal-balik dina paguneman bakal ngagambarkeun harmonis antara dua urang jeung jalma nu keur paguneman.

Karangan Pedaran

Eksposisi atawa pedaran nyaéta wacana anu eusina ngajéntrékeun tur medar hiji objék, prosésna, tujuanana, jeung gunana. Wacana éksposisi ditujukeun pikeun ngajembaran pangaweruh hiji jalma. sakapeung sok disebut wacana prosédural lantaran ngagambarkeun cara ngalaksanakeun hiji pagawéan saperti resép kuéh, resép kadaharan, jeung formula obat.

Aya rupa-rupa téhnik anu bisa dipaké dina nyusun wacana éksposisi, di antarana, ku cara idéntifikasi, babandingan, ilustrasi, klasifikasi, définisi, jeung prosés. Di handap ieu salasahiji conto éksposisi maké téhnik proses.

SAMBEL CIBIUK

- Bahan :**
- (1) tomat ngora (héjo) 2 siki,
 - (2) surawung sabeungkeut, candak daunna wungkul,
 - (3) cikur dua buku curuk,
 - (4) tarasi saséndok th, goréng atanapi beuleum,
 - (5) gula bodas satengah séndok téh,
 - (6) uyah satengah séndok téh,
 - (7) céngék 10 siki, jeung
 - (8) cabé héjo 4 siki.

Ngadamelna: Tomat sareng cabé héjo siksikan, lajeng réndos sareng sadaya bahan, tapi tomat sareng surawuyngna ulah lembut teuing. Tos kitu mah kantung diidangkeun.

No. 1665:50)

Kecap Keterangan Sipat

Kecap keterangan sipat (adverbia statif) nyaéta kecap anu dipaké nerangkeun kecap sipat. Ilaharna harti kecap katersngan sipat nuduhkeun ‘pohara harti kecap sipat’. Cicingna salawasna tukangeun kecap sipat tur sipatna kolokatif, nyaéta kecap keterangan sipat jeung kecap sipatna gulangkep, teu bisa dipasangkeun jeung kecap sipat séjénna. Geura urang toténan contona.

- *ngagedod* dina héjo *ngagedod*
- *euceuy* dina beureum *euceuy*

Di antara kecap sipat jeung kecap keterangan sipat bisa dicukangan ku kecap panambah *mani*. Contona:

- héjo *ngagedod*
- héjo **mani** *ngagedod*

Jaba ti éta, kecap keterangan sipat bisa waé nyuluran kecap sipatna dina kalimah. Contona:

- Ceu Nani, bajuna warna *héjo*.
- Ceu Nani, bajuna warna *ngagedod*.

Rarangkén dina Kalimah Aktif jeung Kalimah Pasif

Kalimah aktif atawa kalimah migawé nyaéta kalimah anu jejnerna ngalakeun pagawéan. Ilaharna kecap pagawéan nu jadi caritaan dicirian ku rarangkén hareup (awalan) **N-** jeung **-t-keun**. Upamana waé, kecap *nanya* jeung *nanyakeun*. Contona dina kalimah: Manéhna **nanya** ka kuring.

- Manéhna **nanyakeun** ka kuring.

Kalimah pasif atawa kalimah kapigawé nyaéta kalimah anu jejnerna kakeunaan ku pagawéan. Ilaharna kecap pagawéan nu jadi caritaan dicirian ku rarangkén hareup (awalan) **di-**, **ka-**, jeung rarangkén gabung (ambifiks) **di-+keun**. Upamana waé, kecap *ditanya*, *katanya*, jeung *ditanyakeun*. Contona kalimahna:

- Kuring **ditanya** ku manéhna.
- Kuring **ditanyakeun** ku manéhna.

Ari rarangkén gabung téh umumna mangrupa gabungan dua rarangkén anu ngawangun kecap henteu babarengan atawa teu sakaligus. Upamana waé, kecap **ditanyakeun** diwangun tina kecap **tanya** ditambah ku rarangkén tukang **-keun** jadi kecap **tanyakeun**, tuluy dirarangkénan hareup **di-**.

Rarangkén tengah (seselan) **-ar-** dina basa Sunda kaitung produktif. Méh unggal kecap dina basa Sunda bisa dirarangkénan tengah **-ar-**. Contona: **budak + ar =** → *barudak*.

Rarangkén tengah **-ar-** umumna ngawangun kecap nu ngajung harti ‘jama’ saperti dina kecap *gareulis*. Jaba ti éta, bisa nuduhkeun harti ‘aya dina kaayaan’ saperti *laleulis*.

Disawang tina wangunna, rarangkén tengah **-ar-** mibanda variasi wangun jadi (a) rarangkén tengah **-al-** saperti dina kecap *luhur* + *-ar* = → *laluhur*, (b) posisina pindah ka hareup saperti dina kecap *alus* + *-ar* = → *aralus*; (c) jadi rarangkén *ra-* saperti dina kecap *jlok* + *-ar* = → *rajlok*.

Aksara Sunda

Aksara Sunda téh masih rundayan kénéh aksara Brahmi ti India. Wangunna rada mirip, tapi geus meunang pangropéa. Aksara Sunda téh kapanggih dina prasasti jeung naskah. Prasasti nu kacatet maké aksara Sunda saperti Batu Tulis Bogor, Piagem Kabantenan, Prasasti Cihadak, Prasasti Geger Hanjuang Tasik, jeung Prasasti Astana Gedé Kawali Ciamis.

Runtuyan aksara Sunda téh *ka, ga, nga, ca, ja, nya, ta, da, na, pa, ba, ma, ya, ra, la, wa, sa, ha*. Ku lantaran dimimitian ku tilu aksara *ka, ga, jeung nga*, aksara Sunda sok disarebut

Aksara Sunda Kagaosan. Perkarana aksara Sunda téh ditangtayungan ku Peraturan Daerah No. 5 Taun 2003 ngeunaan Pemeliharaan Bahasa, Sastra, dan Aksara Daerah nu dikaluarkeun ku Pamaréntah Provinsi Jawa Barat kalayan ditanda tangan ku gubernur.

Aksara Sunda bisa digundukkeun jadi lima rupa, nyaéta aksara swara, aksara ngalagena, aksara asing, angka, jeung pananda sora.

Aksara swara aya 7 siki, nyaéta *a, i, u, é, o, e*, jeung *u*.

Aksara ngalagena aya 18 siki nyaéta *ka, ga, nga, ca, ja, nya, ta, da, na, pa, ba, ma, ya, ra, la, wa, sa*, jeung *ha*. Aksara asing ngalagena aya *fa, va, qa, kha, sya, xa, za*.

Angka dasar aya 10 siki nyaéta 1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 0.

Ari pananda sora (vokalisasi) aya panolong (sora o), paneuleung (sora eu), pamepet (sora e), panyuku (sora u), panéleng (sora é), panyecek (sora ng), panglayar (sora r), panghulu (sora u), pantakra (sora +r+), panyiku (sora +l+), pamingkal (sora +y+), jeung pamaéh (miceun sora a).

Dongéng

Dongéng téh carita anu ukuranana pondok. Dongéng mirip jeung carita pondok.

Duanana kaasup carita anu ukuranana pondok. Bédana téh dina dongéng mah soka aya unsur nu pamohalan atawa teu asup akal. Dongéng téh sok tara jelas nu ngarangna (anonim). Sumebarna dongéng tatalépa sacara lisan, ti kolot ka anakna atawa ti aki ka incuna.

Aya rupa-rupa dongéng, nya éta: (1) dongéng sato (fabel), (2) dongéng déwa (mythos); (3) Dongéng jalma teu lumrah (parabél); (4) Dongéng sasakala, jeung (5) Dongéng jurig. Dongéng-dongéng anu sumebar ku lisan téh ayeuna mah geus réa anu dibukukeun mangrupa kumpulan dongéng. Biasana sok disebutkeun saha nu ngumpulkeunana.

Carpon

Carpon téh singgetan tina carita pondok. Dina basa Indonésia disebutna *cerpen* atawa *cerita pendek*. Ari dina basa Inggris disebutna téh *short story*. Mémang anu ngaranna carpon

mangrupa karya sastra prosa fiksi anu ukuranana pondok. Palakuna saeutik, jalan caritana henteu loba babagianana, waktu lumangsungna caritana ogé sakeudeung. Carita pondok kaasup sastra kaayeunakeun, sumebrna ku cara tinulis, tur jelas nu ngarangna.

Minangka bagian tina prosa fiksi, carpon mibanda unsur intrinsik saperti tema, pakaku, galur, latar (waktu tempat, jeung suasana), puseur sawangan, jeung amanat.

Carpon Sunda mimiti aya taun 1929-an, sok dimuat dina Majalah Parahyangan. Buku kumpulan carpon Sunda anu munggaran nyaéta *Dogodg Pangrewong* karya GS (1930). GS téh aya nu manjangkeun G. Suwandakusumah ayawa ogé nu manjangkeun G. Sastradireja. Dibandingkeun jeung kumpulan carpon dina basa Indonésia nu judulna *Teman Duduk* karya Muh Kasim (1936), kumpulan carpon Sunda genep taun leuwih ti heula.

Sabada medalna rupa-rupa majalah jeung kalawarta Sunda saperti Warga (1951), Sunda (1952), Candra (1954), Kudjang (1956), Manglé (1957), Kiwari (1957), Sari (1962), Langensari (1963), Mingguan Sunda (1965), Hanjuang (1971), Gondéwa (1972), Giwangkara (1973), Gaura (1974), jeung Sipatahunan (?), carpon Sunda téh terus tumuwuh ku dimuatna dina éta majalah.

Kiwari geus réa carpon Sunda nu dibukukukeun, dinatarana waé, *Carita Biasa* (RAF, 1959), *Dongéng Enténg ti Pasantrén* (RAF, 1961), *Papacangan* (Rusman S Utiasumarga, 1960), *Hujan Munggaran* (Ayatrohaedi, 1960), *Néangan* (Caraka, 1962), *Jurig* (Tii Kartini, 1963), *Paséa* (Tii Karti, 1965), *Jurig* (Tii Kartni, 1964), *Di Luhureun Jukut Reumis* (Yus Rusyana, 1965), *Jajaten Ninggang Papastén* (Yus Rusyana, 1989), *Kanyaah Kolot* (Karna Yudibrata, 1985), *Ceurik Santri* (Usep Romli HM, 1985), *Halimun Peuting* (Iskandarwassid, 1989), *Nu Harayang Dihargaan* (Darpan).

Sajak

Sajak téh kaasup kana wanda puisi atawa wangun ugeran, anu teu pati kauger ku patokan wangunna saperti guru lagu jeung guru ilangan. Ku kituna, dina mangsa awal gelarna sok disebut *sajak bébas*. Disebut bébas téh lantaran saenyana mah rélatif sabab tetep waé ari ugeran mah aya. Ngan mun dibandingkeun jeung dangding (gugurtan) anu kauger ku patokan guru lagu jeung guru wilangan, mémang sajak mah leuwih bébas. Purwakanti henteu ditangtukeun ku pola nu matok. Kitu deui, wirahmana henteu angger saperti ébréh tina jumlah jajaran dina sapada jeung jumlah engang dina sapadalisan.

Mimiti gelarna sajak Sunda dina taun 1950-an. Ari saenyana mah ti taun 1946-an ogé ges aya nu nulis sajak dina sastra Sunda téh, di antarana Kis WS. Biasana dimuat dina koran atawa majalah saperti *Sipatahunan*, *Warga*, *Sunda*, *Kidjang*, *Manglé*, *Kiwari*, *Sari*, *Langensari*, *Hanjuang*, *Giwangkara*, jeung *Galura*. Harita mah sajak-sajak téh can dibukukeun.

Kiwari geus réa sajak-sajak anu dikumpulkeun jadi buku, di antarana waé:

- *Lalaki di Tegal Pati* (Sayudi, 1963)
- *OMbak Laut Kidul* (Rahmat M Sas Karana, 1966)
- *Jante Arkidam* (Ajip Rosidi, 1987)
- *Surat Kayas* (SUrachman R.M, 1967)
- *Pamayang* (Ayatrohaedi, 1972)

- *Basisir Langit* (SUrachman RM, 19..)
- *Katiga* (Yayat Hendayana, 1975)
- *Nu Ngaronghéap Mangsa Surup* (Eddy D Iskandar, 1975)
- *Lalaki Langit* (Yuniarso Ridwan, 1979)
- *Tepung di Bandung* (Rahmat M Sas Karana, 1979)
- *Jagat Alit* (Godi Suwarna, 1979)
- *Nu Mahal ti batan Inten* (Yus Rusyana, 1980)
- *Sajak-sajak Cilauteureun* (Taufik Faturohman)
- *Jamparing* (Etti RS, 19..)
- *Urang Naon di Cinaon* (Wahyu Wibisana, 1992)
- *Kidang Kawisaya* (Chye Retty Isnendes)

Purwakanti

Purwakanti (dina basa Indonésia disebutna *rima*). Istilah “purwakanti” asalna tina kecap *purwa* anu hartina mimiti jeung kecap *kanti* anu hartina marengan. Purwakanti téh nuduhkeun sasaruuan sora antara kecap-kecap dina jajaran atawa antarjajaran. Purwakanti nyaéta padeukeutna sora kecap-kecap dina ungkara kalimah, bagian-bagian kalimah, atawa rendonan kecap-kecap, utamana dina puisi. Tempat purwakanti bisa ngarendeng dina sakalimah atawa sapadalisan (RANTAYAN), bisa ogé ngaruntuy dina antarpadalisan (RUNTUYAN).

Aya rupa-rupa purwakanti, di antarana waé:

(1) Purwakanti swara:

- Maduswara = sarua vokal a-a-a-a
- Cakraswara = beda vokal i-u → u-i

(2) Purwakanti laras:

- Laras purwa : sarua sora/engang di awal
- Laras madya: sarua sora/engan di tengah
- Larawekas: sarua sora/engang di ahir

(3) Purwakanti mindoan:

- Mindoan kawit: malikan kecap di awal
- Mindoan wekas: malikan kecap di ahir
- Mindoan kecap: mlikan kecap homonim

(4) Purwakantu luyuan:

- Pangluyu: sarua sora sakalimah
- Margaluyu: kecap ahir dibalikan dina awal kalimah
- Purwakanti pangluyu nyaéta purwakanti anu aya dina saungkara atawa sapadalisan, mangrupa purwakanti rantayan.

Contona:

diteuteup ti hareup sieup (eu, eu, eu)

diteang ti tukang lenjang (ang, ang, ang)

ditilik ti gigir lengik (ik, ik)

Pupuh

Pupuh téh salasahiji wangun ugeran atawa puisi anu kauger ku guru lagu jeung guru wilangan. Jaba ti éta, pupuh téh mibanda watek séwang-séwangan. Pupuh maskumambang kagolong kana sekar alit. Watekna nalangsa, ngageuri, atawa pépéling. Sapadana aya opat jajar, guru wilangan jeung guru laguna: 12-I, 6-a, 8-I, jeung 8-a.

GURU LAGU JEUNG GURU WILANGAN PUPUH MASKUMAMBANG

GURU LAGU JEUNG GURU WILANGAN												
Hé	ba-	ru=	dak	ku-	du	mi-	kir	ti	leu-	leu-	tik	12-i
ma-	néh	ka-	hu-	ta-	ngan							6-a
ku	ko-	lot	ti	ba-	tang	la-	hir					8-1
ne-	pi	ka	a-	yeu	-na	pi-	san					

B. Glosarium

aksara	= lambang ucapan
beukah	= mimiti ngagedéan, kembang
canémbrang	= ngagenclang
digunasika	= diganggu
dipigandrung	= pikaresep, dipitineung
diriksa	= dipiara
hanaang	= hayang nginum
hasiat	= kagunaan
hirup rukun	= hirup sauyunan
kacanduan	= katagihan, deudeuieun
kacapit	= kacekel saeutik
kakayon	= kakayuan, kai-kaian
leuwi	= bagian walungan anu jerona
mancawura	= awur-awuran ka saban juru
metot	= medol, narik; kabetot = katarik, kabedol
ngabuburit	= ngadagoan waktu magrib
ngangan	= nungguan ingon-ingon titah nyatuan kana jukut

nyékaskeun = ngébréhkeun
pacekel-cekel = silih cekel, silih puntangan
paciweuh = rarépot, loba gawé
pahatu = teu boga indung, pahatu lalis = teu boga indung bapa
pananda sora (rarangkén aksara)

pamaéh (ø) gunana pikeun ngaleungitkeun sora /a/ dina aksara ngalagena.
pamepet gunana pikeun nambahan sora /e/ luhureun aksara ngalagena.
pamingkal gunana pikeun nambahan sora /y/ dina aksara ngalagena.
panéléng gunana pikeun nambahan sora /é/ hareupeun aksara ngalagena.
paneuleung gunana pikeun nambahan sora /eu/ luhureun aksara ngalagena.
panghulu gunana pikeun nambahan sora /i/ luhureun aksara ngalagena.
panglayar gunana pikeun nambahan sora konsonan /r/ luhureun aksara ...
pangwisad gunana pikeun nambahan sora /h/ tungtung aksara ngalagena.

panolong gunana pikeun nambahan sora /o/ tukangeun aksara ngalagena.
panyakra gunana pikeun nambahan sora /-r/ handapeun aksara ngalagena.
panyecek gunana pikeun nambahan sora /ng/ luhureun aksara ngalagena.
panyiku gunana pikeun nambahan sora /l/ handapeun aksara ngalagena.
panyuku gunana pikeun nambahan sora /u/ handapeun aksara ngalagena.

pupujaning = nu dipuja-puja
raruntag = rarungkad, raruntuh
rembet = pinuh ku areuy-areuyan
rempug jukung = sauyunan
runtag = runtuh, runtkad
sagara = lautan, jaladri
suwung = kosong
tatanén = pertanian
teuleum = ngalelepkeun kabéh awak nepi ka sirah kana cai
wangun sastra = rupa-rupa sastra saperti prosa, puisi, jeung drama
wastana = ngaranna

DAPSTAR PUSTAKA

- Danabrata, R.A. 2009. *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat.
- Hadi, Ahmad, Spk. 2011. *Peperenian*. Bandung: Geger Sunten.
- LBSS. 2007. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Rusyana, Yus. 1997. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Rahmat Cijulang.
- Sudaryat, Yayat. 1993. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Sudaryat, Yayat Spk. 2007. *Tatabasa Sunda Kivari*. Bandung: Yrama Widya.
- Suryani NS, Elis. 2010. *Badingkut*. Bandung: Danan Jaya.
- Tim Unicode Aksara Sunda. 2008. *Aksara Sunda untuk Unicode*. Bandung: Disdik Provinsi Jawa Barat.
- Wibisana, Wahyu Spk. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Widaniawati, Wiwin. 2011. *Ajén-ajén Etnopédagogi dina Dongéng di Kota Tasikmalaya*. Bandung: SPs UPI.